


SIMBA RAMWARI

ROKUSHANDURA

 [Hama Branham vanoziviswa naHama Carl Williams—Mupepeti.] Mazvita, hama. [“Unova zvirokwazvo mukana wakanaka kwazvo kuva neHama Branham vachiuya kakawanda kudai kuPhoenix. Ndinofunga kuti vanouya kuPhoenix zvinodarika kumwe kwese. Uye tinovada kuti varambe vachiuya, kana ini bedzi ndiri kuno, saizvozvi. Mwari vakuropafadzei, Hama Branham.”] Mazvita, maita henyu, Hama Williams.

Mangwanani akanaka, vashamwari. Ndiri. . . Izvi zvemhuri yekwaShakarian, Hama Williams neHanzvadzi Williams nevamwe vavo vakawanda pano vanoziva nezvazvo. Ndakazviona muchiratidzo, angaita makore maviri kana matatu vasati varwara, uye zvakaitika.

² Zvino gore rakapera patakanga tiri pano, ndinotenda muna Ndira, pakonivhenisheni, paiva panguva apo muprisita uya (zita rake anonzi ani? Ndakanganwa zita rake zvino) aiva pano. [Mumwe munhu anoti, “Stanley.”—Mupepeti.] Stanley, Bhishopi Stanley, wekereke yeKatorike. Munorangarira paakandiunzira Bhaibheri, munoziva, uye akati kwandiri.

Kwaiva nevakawanda vaiporofita, “Mwanasikana waNgu, wapodzwa.”

³ Zvino iye aiziva kuti chiratidzo chakanga chati akanga asiri kuzopora. “Aizofa pakati patwo nathree o'clock mangwanani.” Munozvirangarira? [Mumwe munhu anoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Saka, two kana three o'clock.

⁴ Uye handina kukwanisa kutaurira Demos. Asi ndakataurira amainini mudzimai wababa vake, umo mukati mekamuri, mhiri kwenzvimbo ino. Ndakati, “Haasi kuzopora.”

Mai Shakarian vakati, “Handiti, munhu wese ari kuporofita.”

⁵ Ndikati, “Ndizvo hazvo, ndinogona kunge ndakanganisa, pachangu, asi ndakazvitaure. Haasi kuzopora.”

⁶ Ndakaudza vakawanda vavo, angaita makore matatu apfuura, “Ndakamuona achitiza nehupenyu hwake, zvino akapinda mumubhedha. Zvino akasimudza mawoko ake ndokudanidzira kwandiri, saizvozvo. Zvino ini—ini handina kana kumbokwanisa kusvika paaive. Uye ndakazomuona achifa. Zvino ndakatarisa, uye paiva nechimwe chinhu, paiva newachi,

zvino iyo ndokuti zvakaita sokunge pakati patwo nathree o'clock.”

⁷ Naizvozvo bhishopi akati, “Saka, ndichangotarisa ndigoona kuti zvichaitika sei.” Saka, zvakazoitika.

⁸ Tine urombo zvikuru. Ndinonzwa kuti kereke Yarasikirwa nemunhu mukuru kwazvo, munaHanzvadzi Florence Shakarian. Asi, akanga ari muimbi mukuru kwazvo, akanga ari mudzimai aive akazadzwa neMweya.

⁹ Ndakanga ndiina amai vake; amai vake ndivo vaiva mumwe wevandakatanga kuzivana navo kuMahombekombe eKumadokero, apo amai vake pavakapodzwa. Apo vanachiremba. . . Vakanga vakafenda, uye vakazvimba muviri wese. Zvino chi—chiremba akanga ari apo akataura neni, ndokuti, “Zvinoka inge wakanyararisa paunonamata. Usaita ruzha rwakawanda. Mudzimai wacho ari kufa.”

Ndikati, “Hongu, changamire.”

¹⁰ Zvino akati, saizvozvo, ndokungoramba achindiudza. Zvino, saka, handina kana kumbowana mukana wekuzarura muromo wangu, zvachose.

¹¹ Saka, akanga ari Hama Demos akandiudza kuti ndipfuurire mberi ndikwire kumusoro ndinovaona.

¹² Saka, ndakaenda mukamuri yepamusoro. Zvino Florence akanga akapfugama pasi, panguva iyi ari musikana muduku akarurama pachiso, uye nemamwezve madzimai. Ndokuendako ndokunovanamatira, uye ndokuzvita. Zvino vakanga vakafenda. Uye ndokuvaudza kuti vakanga vari kuzomuka zvakare. Zvino vakazviita. Makore akati kuti akatevera, vakazofa. Uye zvino Mwari vanopindura minyengetero yedu.

¹³ Uye tinozviziva, tinotenda kuti tose takauya pano nokuda kwaMwari, uye tinobva nenzira imwe chete. Mumwe nomumwe, tose mumwe nomumwe tichapfuura nepasuwo iri. Ndicho chikonzero tiri pano mangwani ano, takaungana pamwe chete mune ino Christian Business Men’s Fellowship, kuti titaure nezvezvinhu izvi, uye nokuzvigadzirira, nokuti tinoziva kuti zviri kuzouya zvemazvirokwazvo.

¹⁴ Iye zvino Hanzvadzi Florence vave mudzimai wechidiki, ane makore makumi mana nemaviri ekuberekwa, Hama Williams vachangonditaurira, uye vaduku kwazvo. Asi ivo vasati, ivo vasati vaziva kuti vaiva nechirwere ichi, handiti, ndakaona chiratidzo chavo ndokundiudza nezvemagumo avo. Saka, zvaizova saizvozvo. Mwari vanoziva zvose nezvazvo, uye naivo vachiona Jesu mukamuri ivo vasati vaenda. Hatidi kumunamatira, nokuti takazviita kakawanda. Tiri kungoda kutenda Mwari nokuda kwehupenyu hwakanga huri pakati pedu, hwaitifemera isu tose, saHanzvadzi Shakarian.

¹⁵ Uye tinoda kunamatira Hama Demos, Hanzvadzi Rose. Uye rangarirai, vakava nekusangana nezvinhu zvakaomarara kwazvo muhupenyu hwavo, mune okupedzisira...vaive baba vavo, nehanzvadzi yavo zvino mune avo...makore okupedzisira. [Mumwe munhu anotaura neHama Branham—Mupepeti.] Asi, uye, hongu, haisvike, mishoma, mwedzi gumi; nehanzvadzi, Hanzvadzi Ednawo, zvakare.

¹⁶ Nokudaro, ndinokwanisa kunzwira Hama Demos. Ndaiva nababa, munun'una, mudzimai, nemwana, vakaenda vakangosiyana nemazuva mashoma, saka ndi—ndinoziva kuti vari kunzwa sei mangwanani ano. Munoziva kana uchinge wamira mushangu idzodzo, ndipo paunokwanisa kunzwira. Uye...

¹⁷ [Muchina wekutura paruzhinji unoitira ruzha—Mupepeti.] Ndini ndazviita pachangu. Ruregerero. Ndarova kamwe kamuchina zasi kuno pamwe panhu, neruwoko rwangu. Saka ndi—ndine urombo ndauita kuti uwedzerese ruzha, uye ndisiri kureva kudaro.

¹⁸ Saka ngatimirei zvino apo patiri...kana muchikwanisa, kana zviri...Ngatikotamisei musoro wedu.

¹⁹ Baba voKudenga, taungana pano mangwanani ano kuti tiKunamatei, nokuKutendai nokurumbidza, nokuda kwekutumira Jesu Mudzikinuri wedu, kuti tine tariro mushure mokunge hupenyu huno hwapera, tichiona kuti hazvina kunyatsogadzikana kuti tigare pano nguva dzose. Uye, Baba, kuona zvinhano zvinosiririsa zvinopindwa nemitumbi ino, tinofara kuti hatisi kuzogara pano nguva dzose. Makagadzira nzira yekupunyuka, kudzika nemumupata werufu.

²⁰ Uye, Baba, tinoKutendai mangwanani ano, nokuda kwehupenyu hwemumwe akamira nesu, zvisingadarike gore rimwe chete, achiimba rumbidzo dzeNyu; Hanzvadzi Florence Shakarian, sekuvaziva kwatanga tichiita. Uye Makatiudza karekare, kunyange makore akawanda, kuti izvi zvakanga zviri kuzoitika, kuti zvisazonyanya kutivhundutsa. Uye tinoziva kuti zvaMunotaura ichokwadi. Uyezve Shoko reNyu rinoti, “Munhu akabarwa nemukadzi, azere nemazuva mashoma uye azere nematambudziko.” Tinoziva kuti izvozvo ichokwadiwo, zvakare, Ishe. Tinoziva kuti tose tinofanira kuuya tichidzika nemumupata iwoyo. Saka tinoKutendai nokuda kwehupenyu hwake hwaakava nahwo pano pasi. Uye tichitenda nokutenda, kuti iye zvino, mangwanani ano, apfuura kubva muimba ino yehurwere inonzwisa urombo, achipinda mumutumbi wakabwinyiswa usingafe wakarwara. Uye nematenda ake okuimba, uye neinzwi raaiva naro, uye mweya wake uri muhupfumi hwenyasha muna Kristu! Dai aikwanisa kudzoka mangwanani ano, haaitombozviita zvachose; aitozofanira kupfuura nemune zvose izvi zvakare. Zvokuti, pari zvino

zvapera, ari pamwe chete naamai vake nababa vake. Vadana mwana wavo kumusha. Saka, ti—tinoKutendai.

²¹ Tinodawo kunamatira kunyaradzwa, kune wedu Hama Shakarian, hama yedu yakakosha inodikanwa, tichiziva hu—hupenyu hwavararama, nekutambudzwa kwavari kupfuura nemakuri mumazuva ano okupedzisira, uye nezvavari; tichivaona vachikwegura, uye vhudzi ravo richipera, nemapendekete avo achikombama, uye zvakadaro vachiedza kuramba vagere mumunda vachibatira Mwari. Mwari, vapeiwo simba nhasi. Tinonamata, Mwari, kuti Muchazviita. Kune vose vari kusuwa nokuda kwekuenda kwake, tinonamatira mumwe nomumwe wavo.

²² Uye itai kuti isu, Ishe, patiri kufunga pamusoro peizvi, tichirangarira kuti nesuwo tichafanira kuenda rimwe zuva. Apo takagara pamwe chete pano muHupo hwaIshe Jesu, tinokumbira kuti Mugozviunza zviri zvitsva kundangariro dzedu. Uye tigozvinzvera, tingati, kana kuongorora mamiriro ehupenyu hwedu pachedu, kuti tiri pasi peRopa nemuKutenda. Zviitei, Ishe.

²³ Iye zvino pandiri kuedza pasi pemamiriro ezvinhu aya kuunza mharidzo duku kuvanhu, nhasi, ndinonamata kuti Muchandibatsira, Ishe. Ndisimbiseiwo, nokuti ndi—ndi—ndinorida, Ishe. Uye ndinonamata kuti Mucharipa. Uye dai pakangotaurwa chimwe chinhu chinongoKukudzai. Kana paine aripo pasi peruzha rweinzwi redu mangwanani ano, asina kugadzirira kusangana nenguva iri pamberi pavo, dai ino yava nguva yacho pavanozvipira kune Uyo Akati, “Ndini Nzira, Hupenyu, Zvokwadi,” kunyange Ishe wedu Jesu Kristu. Nokuti tazvikumbira nemuZita raKe. Amen. (Mungagara henyu pasi.)

²⁴ [Mumwe munhu papuratifomu anotaura neHama Branham—Mupepeti.] Hama iri pano inoda kuziva kana munhu wese ari kugona kunzwa zvakanaka. Akabatidza mamaikirofonu maviri. Zvakanaka here? Muri kunzwa here? Simudzai mawoko enyu kana muchikwanisa. Muri kunzwa here? Simudzai mawoko enyu. Zvakanaka.

²⁵ Ndine urombo kuti hatina nzvimbo yokugara yemunhu wese mangwanani ano. Uye tinovimba kuti handisi kuzogara kumusoro kuno kwenguva yakarebesa, yakangokwana zvingangoita kuti zvichida zvigotiunzira kuverengwa kweShoko raMwari; kuti Ishe Mwari vacharemekedza Shoko raVo riri kuverengwa, uye vachatipa nyasha dzaVo, kuti tigovashumira kubudikidza nadzo.

²⁶ Zvino ndaudzwa naBilly Paul, mangwanani ano, kuti zvinogona kukwanisika kuti tichange tichitaura musi weSvondo unotevera paGrantway Assembly Of God, muTucson. Kana paine mumwe munhu pano anobva kuTucson, ndinogona

kutadza kukuona svondo rino. Ndichange ndiri paGrantway Assembly Of God, musi weSvondo unotevera.

²⁷ Saka zvino tichangobva mukudzoka kubva kumusoro Kumabvazuva, uye ndakaita sokuzvinetesa zvishoma, nokudyisa, nemutsa wakawandisa wevanhu vezasi kumakomo. Zvino—zvino ndakarwara, saka handina kumbonzwa zvakanaka svondo rino. Saka, ndinamatireiwo. Uye . . .

²⁸ [Mumwe munhu anoti, “Mbiti dzakawandisa.”—Mupepeti.] Mati kudini? [“Mbiti dzakawandisa.”] Hama Carl Williams vane kakusetsa, uye ndinofunga kuti tinozvida iye zvino, vati, “Mbiti dzakawandisa.” Handizive hangu nezvazvo, Hama Carl, asi tsindi dzakawanda. [Hama Branham vanoseka.]

²⁹ Saka kana ungada kunamatira mumwe munhu mangwanani ano, ko, ini—ini zvirokwazvo ndingazvifarire kana ukava mimwe yeminamoto wako kuitira ini, nokuti ndi—ndinouda.

Zvino tinoda kukurumidza kupinda muShoko.

³⁰ Uye handidi kukuchengetai pano kwenguva yakarebesa, nokuti ndinotenda kuti pane mubatanidzwa wemafoni munyika yose, pane izvi mangwanani ano, unoenda nzira yose kubva kuMahombekombe eKumadokero kusvika kuMahombekombe eKumabvazuva, kubva Kuchamhembe neKumawodzanyemba. Dzakawanda, ungoro dzakawanda dzine chirongwa ichi sekuchiwana kwamakaita imi mose pano kubva kutabhenakeri. Yakabatanidzwawo zvakare muPhoenix, neuko kwese kunenge kuine shumiro, inonyatsouya mukati . . . Zvino vanoungana mumachechi nemudzimba, nezvimwe zvakadaro, kubudikidza nesaisai rakaisvonaka. Vanoti ritori nani pane nhepfenyuro. Ndiwo mubatanidzwa wenhare, vanoisa chinogamuchira kana maikirofoni, kana chero zvachingava, mukamuri. Zvino vano . . . Mudzimai wangu akati, achisimbisa kubva kuIndiana svondo rapfuura, zasi kuTucson, zvakanga zvakangofanana sokunge ndaing ndakamira mukamuri imomo. Saka tinonamata kuti Mwari vagoropafadza avo vose vari kunze pafoni mangwanani ano, chero kwese kwavari. Kumusoro kuNew York iye zvino kunenge kuri, o, masakati, uye inguva dzakasiyana parinofamba nemunyika yose.

³¹ Zvino umo muBhuku ravaRoma, chitsauko 12, uye ndima 1 ne 2, tinoda—noda kuverenga Gwaro iri.

Naizvozvo ndinokumbira zvikuru kwamuri, hama dzangu, netsitsi dzaMwari, kuti muise muviri yenyu chive chibairo chipenyu, chitsvene, chinofadza Mwari, ndiko kunamata kwenyu kwemoyo.

Musaenzaniswa nenyika ino: asi mushandurwe murangariro wenyu uchivandudzwa, kuti muidze muzive kuda kwaMwari, kwakanaka, kwakakwana . . . kwakanaka, kunogamuchirwa, kwakakwana.

³² Zvino kana Ishe vachitendera, ndinoda kutora chidzidzo changu chemangwanani ano, chokuti: *Simba raMwari Rokushandura.*

Kuti imi *musaenzaniswa nyenika ino: asi ivai... mushandurwe murangariro wenyu uchivandudzwa, zvino, uye kuti muidze muzive uko kuda kwaMwari, kwakanaka, kwakakwana, nokunogamuchirwa.*

³³ Chidzidzo chakare chinozivikanwa icho vafudzi venyu vakawanda vakachishandisa zvichidzika munguva yenyu. Chagara chichishandiswa kubvira paChakanyorwa. Asi zvakadaro, chimwe chinhu pamusoro peShoko raMwari, Harichemberi, nokuti ndiMwari. Harichemberi. Nemuchizvarwa choga-choga zvino, zvingangosvika, angaita mazana makumi maviri nemasere emakore, kana kudarika, Shoko rino raMwari rakaverengwa nevanhu, maprisita, nevakadaro, uye haRimbochember. Ndanga ndiri kuRiverenga, pachangu, kwemakore angaita makumi matatu nemashanu. Uye nguva dzose pandinoRiverenga, ndinowana chimwe chinhu chitsva chandakapotsa kuona panguva yekutanga. Nokuti, Rakafemerwa, NdiMwari ari muchinhano chetsamba. Munoon, Ipfungwa dzaMwari dziri kutaura, zvino ndokuiswa pabepa.

³⁴ Kazhinji, munhu anoti, “Saka, zvino, munhu ndiye akanyora Bhaibheri rino.” Kweke. Bhaibheri rinoti, pachezvaRo, kuti Mwari ndiye akanyora Bhaibheri. Iro iShoko raMwari.

³⁵ Harife rakakundika. Jesu akati, “Matenga nyenika zvichakundika, zvichapfuura, asi Shoko raNgu harife rakakundika.” Uye haRikwanisi kukundika, uye riri Mwari, nokuti iRo chikamu chaKe.

³⁶ Zvino nokuda kwekuti iwe uri mwanakomana nemwanasikana waKe, uri chikamu chaCho, uye zvinokuita chikamu chaKe. Saka ndicho chikonzero tichiuya kuzoyanana pamwe chete paShoko raMwari.

³⁷ Zvino Shoko iri rokuti *kushandurwa*, ndakaritarisa muduramazwi, nezuro. Apo, ndakapotsa ndakanganwa nguva dzandaifanira kunge ndiri pano, pandakanga ndiri kutsvaga chidzidzo, zvino ndakawana shoko iri, kana chidzidzo, waro, Gwaro. Zvino muduramazwi rinotaura kuti “chimwe chinhu chashandurwa.” Kunenge kuri “kushandurwa.” *Kushandurwa*, “kugadzirwa zvakasiyana nezvachaimbova.” Chakange, “Hunhu hwacho nezvose zvinenge zvasandurwa machiri,” *kushandura*.

³⁸ Uye ndinofunga mangwanani ano, munaGenesi 1. Nyika ino yakanga isina chimiro, uye isina chinhu, uye rima raive pamusoro penyika; hapana kunze kwenyonganyonga izere. Zvino nyika ino payaiva muchinhano ichocho, Mweya waMwari wakafamba pamusoro pemvura, zvino mufananidzo wacho wose wakashandurwa; kubva munyonganyonga izere, kuva bindu reEdheni. Ndiro Simba raMwari rokushandura, rinogona kutora

chimwe chinhu chisina basa uye robva ragadzira chimwe chinhu chinoshamisa kubva pachiri. Simba raMwari rokushandura!

³⁹ Uye tinonzwisisa kuti, nokuverenga Magwaro, kuti Mwari vakatora zviuru zvitanhatsu—zvitanhatsu zvemakore vachiita gadziriro iyi yeEdheni iyi. Zvino, Vanogona kunge vasina kutora nguva yakareba zvakadaro; asi kungofungidzira, uye nokuzvitora kubva muGwaro paRakati “zuva rimwe chete kuna Mwari, chiuru chemakore pano panyika,” ndokunge, kana Mwari vari vanoverenga nguva. Zvino toti aive makore zviuru zvitanhatsu aVaiva nawo vachigadzira nyika, uye Vakanga vadyara panyika mbeu yose yakanaka. Ndipo apo zvinhu zvose zvakanga zvakakwana.

⁴⁰ Ndinofunga, kazhinji, kunyange vatsoropodzi pavanotanga kuverenga Bhuku raGenesi, vanotanga kuRitsoropodza, nokuti zvinoita sokunge Rinoramba richiZvidzokorora, kana kuti rinokukandira kuno neuko.

⁴¹ Asi kana tikangocherechedza kwechinguvana, tisati tapinda muchidzidzo chedu, chokuti, Mosesi akaona chiratidzo. Uye Mwari vakataura naye. Mwari vakataura naMosesi chiso nechiso, muromo kunzeve. Zvino, haVana kumbotaura nemumwe munhu zvakadaro, sezvaVakaita naMosesi. Zvino, Mosesi aiva mukuru, mumwe wevaporofita vakurusa. Aiva mufananidzo waKristu. Uye zvino Mwari vanogona kutaura, Vane inzwi. Rakanzwikwa. Mwari vanogona kutaura.

⁴² Uye vanogona kunyora. Mwari vakanyora Mitemo ine gumi nemunwe waVo pachaVo. Vakanyora pamadziro e—eBhabhironi kamwe, nemunwe waVo. Vakakotama pasi ndokunyora mujecha pane imwe nguva, nemunwe waVo. Mwari vanogona kutaura. Mwari vanogona kuverenga. Mwari vanogona kunyora.

⁴³ Mwari ndivo chitubu chenyasha dzose neSimba, uye chehuchenjeri hwese hwaMwari, zviri muna Mwari. Saka nokudaro, tichiziva kuti, ndiYe Musiki oga aripo. Hapana mumwe Musiki kunze kwaMwari. Satani haakwanise kusika, zvachose, anongotsveyamisa izvo zvakasikwa. Asi Mwari ndiye Musiki oga.

⁴⁴ Saka, Vakasika neShoko raVo. Vakatumira Shoko raVo. Saka mbeu dzose dzaVakanga vaisa panyika, Vakaumba mbeu idzi neShoko raVo pachaVo, nokuti pakanga pasina chimwe chinhuve chaigona kunge chakagadziriswa mbeu. Vakanga vadziisa, uye dzakanga dziri pasi pemvura. Vakangoti, “Ngakuve *neidzi*, uye ngakuve *neidzo*.”

⁴⁵ Zvino tinoona kuti, kazhinji, zvinoita sokunge Bhaibheri riri kudzokorora kana kutaura chimwe chinhu pane zvaRinenge risiri kureva. Semuenzaniso, munaGenesi 1 tinoona kuti, “Mwari vakasika munhu nomufananidzo waVo pachaVo, mumufananidzo waMwari Vakamusika; murume nemukadzi

Akavasika.” Uye zvararo Vanoenderera mberi, uye zvinhu zvakawanda zvakaatika panyika.

⁴⁶ Zvararo tinooona kuti, pakanga pasina munhu wekurima ivhu. “Zvino Mwari vakasika munhu kubva muguruva renyika.” Uyu aiva munhu akasiyana. “Zvino Vakafemera mweya weupenyu maari, zvino ndokuva mweya unorarama.”

⁴⁷ Munhu wekutanga akanga ari mumufananidzo waMwari, unova Mweya. Johane 4, inoti, “Mwari Mweya, uye avo vanoMunamata vanofanira kuMunamata muMweya nemuZvokwadi.” Asi Mwari Mweya. Uye munhu wekutanga, waVakasika, aiva munhu wemweya, aiva muchimiro nomufananidzo waMwari.

⁴⁸ Zvino Vakaisa munhu uyu munyama, zvino munhu ndokuwa. Saka zvararo Mwari vakadzika pasi zvino ndokuva muchimiro chemunhu, kuti Vazodzikinura munhu uyu akawa. Ndiyo nyaya chaiyo yeEvhangeri, pakuona kwangu—kwangu.

⁴⁹ Zvino, Mwari, muzviuru zvitanzhatu zvevakore, vakanga vadyara mbeu dzose idzi dzakanaka, kana kuti Vakanga vataura Shoko raVo. “Zvichaitika nenzira *iyi*. Uyu muti uchavapo. Uyu uchavapo.” Zvinhu zvose zvakanga zvakanakwana. Zvakanga zvakanonaka. Zvino Vakairira imwe neimwe yembeu idzi kuti dzivepo, dzozovishandura pachezvadzo kuva chinhu chinomera chemhando yeupenyu hwakataurwa machiri neShoko kuti izove. Kana waive muti wemuoki, waizobereka maoki. Kana wainge uri muchindwe, waizobereka machindwe.

⁵⁰ Nokuti, Musiki mukuru akanga achangobva mukutuma Shoko raKe, mbeu yeShoko yakanga iripo mbeu chaiyo isati yatombombwa. Zvino Shoko rakaumba mbeu. Munooona, “Vakagadzira nyika nezvinhu zvisingaoneki.” Munooona, Va—Vakagadzira nyika neShoko raVo. Mwari vakataura zvinhu zvose kuti zvevepo.

⁵¹ Uye nokuti ndiMwari, Musiki, achitaura zvinhu zvose kuti zvevepo, yaifanira kunge yaive nyika yakakwana. Yaive nzvimbo ya—yakanaka kwazvo. Raive paradhiso cha—chairo remazvirokwazvo pano panyika.

⁵² Zvino, sezvo, nzvimbo yose inofanira kuva nemuzinda pane imwe nzvimbo. Konivhenisheni ino ine muzinda, uye chapter ino ine muzinda, uye kereke ine muzinda. Uye Mwari vane muzinda. Uye saka nzvimbo huru iyi, nyika ino yatigere mairi, ine muzinda. Uye saka Edheni guru iri raiva nemuzinda, zvino muzinda waro wakanga uri mubindu reEdheni, kana kuti muEdheni, kumabvazuva kwebindu.

⁵³ Zvino Mwari vakaisa pamusoro pazvo, kuti atonge zvisikwa zvake zvikuru pano panyika, mwanakomana waKe nemwenga wemwanakomana waKe, Adhama naEvha.

54 Mwari ndivo vaiva Baba vaAdhama. “Adhama akanga ari . . . mwanakomana waMwari,” maererano neMagwaro. Akanga ari mwanakomana waMwari.

55 Uye Mwari vakamugadzirira mubatsiri, kubva mumutumbi wake iye; zvichida mbabvu yakabva pamusoro pemoyo wake, kuitira kuti agozova pedyo naye, uye ndokumugadzirira mubatsiri akamufanira. Zvirokwazvo akanga asati ave mudzimai wake ipapo, sezvazvaive asati ave munhu; Akanga achangobva mukuzvitaure. Zvino ipapo ndipo pakauya dambudziko, Satani akamuwana Adhama asati azviita. Saka, raringova Shoko raVo ravakanga Vataura.

56 Ndinoti, handisi kuda kupedza nguva yakawandisa pazviri. Asi vamwe venyu vangazovhiringidzwa zvishoma, kunyanya vamwe vanhu vari kumusoro uko—uko Kumawodzanyemba, vanoita sokunge vanoona izvi zvichiti vhiringidzei zvishoma, paMharidzo yandakawana kubva kuna Mwari nhasi uno, ichienda kuvanhu, iyo iri pamusoro pembeu yenyoka. Zvino ndiri kuzoenda kumba, Ishe vachitendera, rimwe ramazuva ano, kuJeffersonville. Ndiri kuda mharidzo yemaawa anenge matanhatu, uye ndigonyatsozvitwasanudza, munoono, saka ndichazviisa muchimiro chokuti mugoziva zvatiri kutaura nezvazvo. Uye iZVANZI naJEHOVHA. Zvingori zvechokwadi sezvazvaiva paZvakaona Hanzvadzi yedu Florence isati yaenda, makore akawanda. Munoono, Ichocho iChokwadi. Uye zvino, isu, pamwe hazvina kunzwisiswa.

57 Kana mumwe munhu akauya kwandiri, chimwe chinhu chinopesana, ndinoita sokusachinzwisiswa, pachangu. Handingade kutsoropodza zvinotaurwa nemumwe munhu. Hatifanire kutsoropodzana. Handina mhosva yekuita zvakadaro; ndinotenda Ishe. Ndakatsoropodza chivi nekusatenda; asi kwete munhu pachake, munoono, handi—ndidaro. Tiri—tiri hama nehanzvadzi, vari kushingaira, tiri kudzika kuenda kwakasvikwa neHanzvadzi Florence nezuro mangwanani, munoono. Ivo, isu, tose tinofanira kuuya nenzira iyoyo. Uye hachisi chinangwa changu ku—kuedza kutsoropodza imwe hama kana imwe hanzvadzi uyo anenge asiri kuwirirana newe. Kwete, ngazvive kure neni kuita zvakadaro! Handifungi kuti munombofa makawana tepi iyo pandakambotaura zita remumwe munhu. Zvokuti, ndakazvinzwa nguva dzakawanda kuti munhu wacho akakanganisa, asi zviri pakati pavo naMwari. Asi icho chakaipa, chakaita sechivi ne . . . Uye kusanzwiswana pane dzimwe nguva hachitombori chivi, kunongori kusanzwiswana kwevanhu. Uye ndi—ndinofunga kuti mumwe nomumwe wedu ane kodzero yekuzvitaure sokunzwisisa kwedu.

58 Zvino Musiki mukuru uyu akanga aisa mwanakomana waKe akasikwa. Zvino, Adhama ndiye aiva mwanakomana waKe wekutanga akasikwa. Jesu akanga ari Mwanakomana

waKe *akazvarwa* ari oga, munoona, Akazvarwa nomudzimai. Asi Adhama akanyatsobva chaimo muruwoko rwaMwari, mukusikwa.

⁵⁹ Zvino muzinda, uyo mwanakomana waKe—waKe nemwenga wemwanakomana waKe vari pamusoro pezvose, zvairatidzika kuva zvakanyatsokwana. Paiva ne—nemurume, mukuru wezvose izvozvo, mwanakomana waKe pachaKe nemwenga wake.

⁶⁰ Uye mbeu yose yakanga yakakwana, michindwe, nemioki, nesora, neshiri, nemhuka. Uye zvinhu zvose zvakanga zviri muhorongwa hwakakwana neMurairo waMwari, “Usashandure hunhu hwako. Kubereka zvemhando yayo, mbeu yose! Muoki, usambofa wakatsveyamiswa kuti uve muti wemupopo.” Maona? “Muchindwe, usatsveyamiswe kuva chimwe chinhu. Asi mbeu yoga-yoga ive yerudzi rwayo!” Uye Vakanga —Vakanga vazvitarisa nemunguva.

⁶¹ Zvino Vakanga vataura Shoko. Uye Simba raVo rokusika rakanga raumba zvinhu zvose izvi zvakauya, uye kunyange murume nemudzimai. Zvino vakanga vari vatongi nokuti vakanga vari...vakanga vari pamusoro pemamwe marudzi ose. Zvino Vakavaisawo zvakare pasi pechengetedzo yechinhu chimwe chete paVakaisa miti, mhuka, nezvimwe zvakadaro: Shoko raVo. Havafanire, nenzira ipi zvayo, kutyora Shoko iroro. Vanofanira kugara Ipapo. “Musambofa makabvisa chimwe chinhu kubva paRiri, kana kuwedzera chimwe chinhu kwaRiri! Munofanira kurarama neShoko irori.”

⁶² Uye dai zvisikwa izvi zvakaramba zvichirarama zvakadaro, Hanzvadzi Shakarian havaifanirwa kunge vaenda mangwanani ano, dai zvainge zvakaramba zvakadaro, hupfumi hukuru hwaMwari! Ndeizvo zvatintenda kuti ndiko kwatiri kudzokera. Tiri kudzokera panzvimbo chaipo, nzvimbo iyoyo.

⁶³ Apo pamangwanani echinomwe, apo Mwari vakatarisa pamusoro pazvo zvose, zvino Ndokuti, “Zvakanaka. Ndi—Ndiri kufadzwa nazvo. Hongu, Ndi—Ndi—Ndiri kufara kuti Ndakazviita. Uye zvose zviri kufamba zvakanaka. Uye ndaisa ruvimbo mumwanakomana waNgu pamwe nemudzimai wake, kuti—kuti vachazova (ndichazovaita musoro wezvose hazvo), kuti vazozvitarira zvose uye nokuona kuti zvakanaka, kuti chinhu chose chichabereka zvemhando yacho. Zvino ane simba rokuzviita.” Mwari zvadaro vakati, “Saka, kana zvose zvakaisvonaka, uye hazvikwanise kuva chimwe chinhu zvakare, nokuti chishuwo chaNgu pachaNgu. Ndiyo nzira yaNdiri kuzvida kuti zvive. Uye Ndazvitauro nenzira iyoyo, uye maShoko aNgu azviunza nenzira chaiyo yandanga Ndichizvida. Zvino hezvoka izvo. Zvose zvakanaka!” Saka Bhaibheri rakati, “Mwari vakazorora nezuya rechinomwe, kubva kumabasa aVo ose.”

64 Zvinhu zvose zviri muhurongwa, kuti zvibereke zverudzi rwazvo. Zvino rangarirai, “kubereka.” PaVakaisa mbeu muvhu, mbeu inokwanisa bedzi kumera nesimba rehupenyu huri mairi, kuishandura kubva kuva mbeu kuva chinhu chinomera, kana chero zvayainge iri. Simba rake rekushandura! Zvino, Mwari vakaisa mbeu imomo, iine zvikwaniso zvokuti igova zvaVakataura kuti yaizova. Uye chero bedzi ikaramba iri murudzi rwayo chairwo, inozova chaizvo izvo Mwari zvavakati yaizova. Yaitofanira kuve saizvozvo, nokuti Vakaigadzira vakadaro, uye ndokugadzira gwara. Kutu, chero chipi hacho chinogara mugwara raVo, mumutsara waVo weShoko, chinotofanirwa kuzobereka chaizvo zvakafanana nezvakataurwa neShoko raVo kuti ndizvo zvachaizoita. Hachikwanise kubva ipapo. Chiri kufambiswa nemazvo chaimo. Saka, nezvinhu zvose zviri pahutariri hwemwanakomana waVo pachaVo, kuti zvaizova saizvozvo, zvino Mwari ndokuti, “Zvose zvakanaka, saka Ndave kuzorora. Zvino imwe neimwe yembeu idzi ine simba mairi, kuti izvishandure kuva mhando yechisikwa chaNdinoda kuti ive. Ndizvo zvainofanira kuva, nokuti Ndapa kumbeu yose simba rokushanduka, kuti izviite pachezvayo, mune zvikwaniso zvayo zvino kuti izviite izvo chaizvo zvaNdinoda kuti ive.”

65 Mwari havana kumbobvira vashanduka. Vangori zvimwe chetezvo nhasi sezvaVaingova kareko! Mwari vatsunga kuita chimwe chinhu. Vachazviita. Hapana chiri kuzoVamisa. Vachazviita!

66 Zvino mushure mokunge zvose zvakanyatsonaka uye zviri muhurongwa, Mwari vakanzwa kugutsikana zvino kuti izvi zvose zvichange zvakana, uye zvino, paVakazviita, zvino kwakauya muvengi. Ndiri kuzo...Mwari vakapa simba rokushandura. Zvino ndichadana muchinda uyu, ane simba kwete re—rekusika zvakare, asi ndiri...Aiva nesimba rekutsveyamisa, kwete kushandura; asi kutsveyamisa. Zvino, chinhu chose chakatsvemiswa chakabviswa pachinhano chacho chepakutanga, pane chimwe chinhu chinenge chakakanganisika pachiri.

67 Makore akati kuti akapfuura, pakupatirora, ndakanga ndichikwira ndichipfuura nemuminda yechibage, ndinofunga, pakanga paine bazi rakanga rakwachurwa nemhepo kubva pamuti, zvino rakanga radonhera pamusoro pedzinde rechibage. Zvino dzinde iri rakanga riri kuedza nepose paraikwanisa kuti risimuke rakatwasuka mudenga sezvaraifanira kunge riri, asi rakanga ratsveyamiswa nokuti chimwe chinhu chakanga chaitika. Zvino chimuti chakanga chiri pamusoro paro.

68 Zvino tinwana kamwe kasora kemusango kanotandavara semunyemba kari mumunda. Ako, vazhinji venyu varume pano, uye pamwe nevamwe venyu madzimai...kana muchibva kuKentucky. Madzimai anoshandisa badza ikoko semurume,

vanoenda kumunda ne—nebadza, ratinoti riya remutsipa wedhadha, zvino votema zvi—zvisora izvi. Nokuti, kana mukasabvisa zvisora izvi, chibage pachinenge chiri mumutsara, sezvizvi, zvino chisora ichi chinoveverera, chobata zvakasimba chibage ichi, chozvimoneredza zvisvishoma nezvishoma, zviri nyore kwazvo, zvine mano, zvokuti unototadza kuona kuti chiri kuzvimoneredza. Zvino pakupedzisira chinosisimba choramba chichiwedzera kusimba, zvino chokakata chibage chiya kusvikira chamonyoroka. Chinochidhonzera kwachiri, chochimonedza padzinde racho; chichichitsveyamisa kubva kune zvachaive, kuva chimwewo chinhu. Asi zvakadaro chibage, asi chibage chatsveyamiswa.

⁶⁹ Uye tichiri tose mumufananidzo waMwari. Asi vamwe vakatsveyamiswa, sevanakomana vaMwari, vanofamba zvinopesana neShoko raVo uye nekunzira iyo—iyo yaVakatiita uye ndokutipa kuti tifambe mairi. Pakaiswa chimwe chinhu, nyika inotimonyorotsa kubva munzira, yotidhonzera pedyo naiyo, uye kure kubva pamutsara wakatwasuka, wakatetepa waVakatidyarira mauri, kuti tive vanakomana nevanasikana vaMwari. Chivi chaitha chinhu chakaipa ichi kuvanakomana navanasikana vaMwari.

⁷⁰ Mutsveyamisi! Ndinoziva kuti izvi zvinoita sezvisinganzwisise kutivaura nenzira iyi, “ku—kutsveyamisa,” asi ndizvo zvaava; akatsveyamisa, kana kuti akamonyorotsa. *Kumonyorotsa* zvinoreva “kushandurwa zvachose, kuitwa chimwe chinhu chakasiyana.” Zvino *kutsveyamisa* chinhu chimwe chete, kuti chakaunzwa zvino ndokutsveyamiswa, zvino “nokugadzirwa neimwe nzira.” Kunyange zvakadaro ichingori mbeu imwe chete, asi yatsveyamiswa.

⁷¹ Zvino tinoona kuti mutsveyamisi uyu akawana nguva imwe cheteyo, yekutsveyamisa, seyakava naMwari yokushandura. Zvino akadyara mbeu yake, kana kuti, haana kumbodyara mbeu yake, iye. . . mubindu reEdheni. Kubvira panguva iyoyo, akava nezviuru zvitanzhatu zvevakore zvekutsveyamisa Mbeu yaMwari, Shoko raMwari; kuItsveyamisa, kuLita chimwe chinhu chakasiyana; apo iye. . . nguva yokutanga Evha paakamuteerera, zvino ndokungozviwanira kachirevo kaduku.

⁷² Rangarirai, kutanga Satani akataura Gwaro riya zvakanyatsojeka kwazvo, “Mwari vakataura here kuti, ‘Hamufanire kudya chero muti uri mubindu reEdheni?’” Maona? “Hamusi kuzodya chero muti hawo?”

⁷³ Uye rangarirai zvino, Evha akati, “Hongu, tinokwanisa kudya kubva pamuti wese; asi muti uri pakati pebindu, hatifanire kana kutombobata.” Zvino mutarisei, mumharidzo yake, akamonyorotsa Shoko iroro zvisvishomanani. Mukutaura. . .

Evha akati, “Nokuti Mwari vakataura, kuti, kana tikazviita, zuva iroro ‘tinofa.’”

⁷⁴ Akati, “O, zvirokwazvo haufi.” Munoono, akanga ari mu—murume, akati, “Iwe, chiita izvi zvino. Uye, imi, muri vanhu vanenge vasingazive. Imi, zvirokwazvo, hamuzive zvinhu zvose. Asi kana mukangodya uyu, zvino munowana huchenjeri, munowana zivo. Munoziva chakanaka nechakaipa uye mova savanamwari, imi, kana mukangogamuchira huchenjeri uhu hwandinahwo. Ndinoziva, asi imi hamuzive.”

⁷⁵ Zvingori, zvakanaka kuva nehuchenjeri. Asi kana huchenjeri huchipesana, kana huchenjeri husiri huchenjeri chaihwo hunobva kuna Mwari, huchenjeri hwaMwari, zvino wova huchenjeri hwepanyama; handina basa kuti tine sainzi yakawanda zvakadini, uye chingave chipi zvacho, kana dzidzo, ndezvadhnyabhore. Ndichazviratidza kwamuri, Ishe vachitendera, mumaminitisi mashoma. Ndezvadhnyabhore.

⁷⁶ Budiro yehungwaru ndeyadhnyabhore. Ndichangobva mukupedza kuparidza pamusoro pazvo. Tsika dzose panyika, simba rose resainzi, nezvimwe zvose, ndezvadhnyabhore. Ivhangeri yake yaakaparidza, yezivo, mubindu reEdheni. Zvino akatora zivo iyi, zivo yakatsveyamiswa, inopesana neShoko nekuda nezano raMwari. Uye zvino akava nezviuru zvitanzhatu zvakakore kuti aite chaizvoizvo zvakaikwa naMwari, kungoti ari maitiro akatsveyama, uye ndokutora nguva yakafanana kuti aunze Edheni rake. Iye zvino ane Edheni rake pano pasi, uye rakazadzwa nehuchenjeri, zivo. Ndiro rakanga riri evhangeri rake pakutangwa, zivo, huchenjeri, sainzi. Hapana apo Mwari vakambobwirana nezvakadaro. Uye ndi—ndinoda kuti mutarise kwechinguvana. Akaita izvi, uye nokuti akanga ari munhu wehuchenjeri hwepanyika.

⁷⁷ Zvino, zvakaoma kutaura izvi. Zvaka—zvakaoma kwazvo, nokuti kana uchitaura nevanhu vane manzwiro mamwe chete andinoita, uye nenzira iyo yandange ndiri kwemakore akawanda. Asi kubvira kuzarurwa kweZvisimbiso Zvinomwe zviya, zveNgirozi kuseri kwegomo uko, *Iri* rava Bhuku idzva. Zvinhu zvanga zvakananzwa, zviru kuzarurwa sekuvimbisa kwakaita Mwari muna Zvakazarurwa 10, Vaizozviita. Uye ndisu vanhu vane mukana wakanaka avo vakasarudzwa naMwari, vepanyika, kuitira kuti tigoona nokunzwiswa zvinhu izvi; zvisiri ngano, pfungwa yemunhu yepanyama yaari kuedza kuumbiridza. IShoko raMwari rakaratidzwa, rakasimbiswa, kuti Ndiro chairo. Kuratidzwa, kwete nesainzi; asi naMwari, kuti ndereChokwadi. Mwari, sokutaura kwandakamboita mumharidzo, Mwari havadi mumwe munhu kuti adudzire Shoko raVo. Ivo Vanozvidudzirira pachaVo. Vakati zvichaitika, zvino zvinoitika. Ndizvo, Va—Vanovisimbisa, ndizvo zvinovidudzira.

⁷⁸ Makore mashoma apfuura apo, isu vanhu vepentekosti, apo mamwe ma—makereke akatiudza kuti takanga tave “kupenga,” isu “hazvaibvira, Mweya Mutsvene waiva chinhu chakapfuura.” Asi tinoona kuti vimbiso yaMwari yaive yekuna ani naani anoda, uye zvino tinoziva zvakasiyana. Munoono, uye zvinongori zvishoma nezvishoma, chinhu ichi chakazaruka.

⁷⁹ Uye zvino Vakavimbisa kuti zvakavanzika zvakanga zvakavanzwa mune ayo, mazera aya ose ekereke, zvaizozarurwa panguva yokuguma. Uye Vanotiita kuti tizive zvino. Tiri panguva yokuguma. Tave pano zvino.

⁸⁰ Zvino, Satani ndiye muvambi webudiriro yehungwaru. Ndiye muvambi wesainzi. Ndiye muvambi wedzidzo.

Unoti, “Ichokwadi here?”

⁸¹ Zvakanaka, ngativerengei muShoko raMwari zvino, Genesi 4, uye ngatidzokerei kumashure uye tigoona kwechinguvana. Ndinoziva kuti ndinogona kunge, kana ndikatora nguva yakarebesa, Hama Carl zvichida vachanditaurira. [Mumwe munhu anoti, “Zvakanaka.”—Mupepeti.] Asi, Genesi, chitsauko 4, uye nendima 16, inoenda mberi kutitaurira pano, pakutanga, zvakaikwa naMwari kuitira kuti, aise chituko pamurume nepamudzimai, uye nezvose zvavainge vari kuzoita; zvino kwete *chituko* pavari, asi kuvaudza zvakanga zvichazoitika, uye ndokutuka ivhu nokuda kwaAdhama. Uye tinoona kuti pano zvino, kuti Evha akava nemapatya. Zvino mumwe wavo akanga ari waSatani, uye mumwe wacho akanga ari waMwari.

Zvino unoti, “O, kwete! Kwete. Zvino, Hama Branham!”

⁸² Chingomira zvishoma. Ndiwanire Gwaro rimwe chete, chero papi zvapo, rinotaura kuti Kaini akanga ari mwanakomana waAdhama. Ini ndichakuratidza muRugwaro paRinoti, “Kaini akanga ari weuya akaipa,” kwete Adhama.

⁸³ Zvino cherechedzai pano paakabata pamuviri. Tinotangira pachitsauko 4, kutanga.

*Zvino Adhama akaziva... mukadzi wake;
iye ndokutora mimba, akapona Kaini, akati,
ndawana... iye akati zvino, ndawana mwanakomana
ndichibatsirwa naJ^{EHOVHA}.*

⁸⁴ Saka, zvaifanira kudaro. Kunyange dai chainge chiri chipfeve kana chimwewo, aitofanira kubva kuna Mwari, munoono, nokuti iyoyo imbeu yaVo, murairo wembeu yaVo, inofanira kubereka kunyange iri mbeu yakatsveyamiswa, yakamonyorotswa, kana chero zvaingava. Inofanira kubereka, zvakadaro. Murairo waVo.

Akaponazve munun'una wake Abheri.

⁸⁵ Haana zvakare kumuziva. Adhama akaziva mudzimai wake, zvino ndokubereka Kaini uyewozve ndokubereka Abheri,

mapatya. Satani akanga ainaye mangwanani iwayo, Adhama masikati acho.

⁸⁶ Makaona gakava guru mupepa kuno, ndinotenda, muTucson zvino, remudzimai uya akabara mwana wechitema nemwana wechichena, panguva imwe chete. Akararama nemurume wake mangwanani iwayo, nemumwe murume masikati acho. Zvino murume akanga ari kuzochengeta, muchena akati akanga ari kuzochengeta mwana wake, asi munhu mutema akanga achifanirwa kuchengeta wake. Maona? Ndinozviziva, mukuberekesa imbwa nezvimwe zvakadaro, zvirokwasvo zvinoitika, kana zvakasiyana nemaawa mashoma. Izvi zvinozviratidza.

⁸⁷ Zvino kuratidza kwakabva budiriro yehungwaru, zvino ngativerengei Genesi nechepano, muchitsauko 4 chaGenesi zvakare, uye tione kuti ndepapi. Ndima 16.

Ipapo Kaini akabva pamberi paMwari, akandogara panyika yeNodhi, kumabvazuva eEdheni.

Kaini akaziva mukadzi wake; akatora mimba, akapona Enoki: akavaka guta, akatumidza guta zita, re...mwanakomana wake, Enoki.

⁸⁸ Budiriro yehungwaru yakatanga. Chiremba Scofield, muno muBhaibheri rangu reScofield, rinoti, “Budiriro yehungwaru yekutanga.” Cherechedzai, zvino akazobara vanakomana, vakagadzira maogani nemumhanzi. Akatevera akabara vanakomana, zvino ndokutanga kuita zvimwewo zvinhu, zvishamiso, kuvaka maguta, ne—nezviridzwa zvendarira, nezvimwe zvose zvakasiyana-siyana. Munoono, ndizvo zvaakaita, ikava budiriro yehungwaru yokutanga, yakanga iri yekwaKaini. Akaita chinhu chimwe chete zvichidzika nemumazera ose.

⁸⁹ Zvino ngatisvikei ipapo nendima 25, uye mogoona kuti chii chakatevera.

Adhama akazivazve mukadzi wake, zvino, akabereka mwanakomana, akamutumidza zita rinonzi Seti: nokuti wakati, Mwari, wandipa mumwe mwana pachigaro chaAbheri uyo zvaakauraiwa naKaini.

Uye Seti...naSeti, wakaberekerwa mwanakomana; akamutumidza zita rinonzi Enoshi: zvino nenguva iyoyo vanhu vakatanga kudana zita raJEHOVHA (kubva kudivi raSeti, kwete vekudivi rekwaKaini).

⁹⁰ Munoono, hunyanjere hukuru hwatinobatirira kwahuri! Chii communism nhasi, chii mwari wavo? Ndezvenjere, sainzi. Ko tiri kumboitei, zvakadaro? Ko tiri kuraramepi? Rangarirai mashoko aya nhasi.

⁹¹ Zvino ane mhando yake yeEdheni, Satani anayo zvino. Muzviuru zvitanzhatu zvemakore zvino, akagadzira (kwete

kusika), asi, akatsveyamisa nyika yose yaMwari; zvisikwa zvake, mhuka, achidzisanganisa pakubereka, achiita masanganiswa; miti, zvinomera, vanhu; kunyange kusvika pane zvekunamata, Bhaibheri, kereke; kusvikira azviwanira zvino bindu reEdheni rizere, resainzi, zvinhu zvose zvichifambiswa nesainzi. Motokari dzedu, zinhu zvose zvatinazvo, takazvipiwa nesainzi, izvo zvakaitwa nemunhu. Zvino ane Edheni rake guru pano; kuratidza kuti Mharidzo iri panguva yakafanira, kuratidza kuti harisi rimwe zera asi Zvakazarurwa 10! Tarirai pane zvekuita masanganiswa nhasi, kugadzira chiri nani, kana kuti, chakanaka zviru nani, kwete chiri nani. Onai vana vaduku nhasi.

⁹² Ndakaenda nemwanasikana wangu kuna chiremba wemazino, nezuro, akati mazino ake akange ari kumonyoroka. Imwe hama zasi kuTucson, Hama Norman, vakaenda nemwanasikana wavo muduku, zvino mazino ake akange ave kubudikira kunze. Zvino chiremba wemazino anoti iye nenguva isipi, anotenda, kuti munguva dziri kutevera, kuti vanhu vachazvarwa, mazino achingomera zvisina kurongeka. Chikafu chatiri kudya, chikafu chemasanganiswa.

⁹³ Makaverenga here Reader's Digest, mwedzi wapfuura, pamusoro paBilly Graham, muvhangeri anoremekedzwa? Manga muri kumuteerera here? Ndiri kumunamatira zvino kudarika kare. Paakataura nevaya vemakora anotenderera, nevamwe vakadaro, pane humwe usiku, achipomera vashumiri ivava. Pane chimwe chinhu chakaitika kwaari. Rimwe remazuva ano, ndine tariro yekuti achaona nzvimbo yake apo paari, cherechedzai, iye zvino ari kudana kubva muSodhoma, guta riya rakatsveyama. Uye zvino cherechedzai izvi muReader's Digest, Billy akanga arukutika kwazvo zvokuti akanga asisagoni kuma nemisangano yake. Zvino vakamuudza kuti anofanira kumhanya, ova nemaeksesaizi, nezvimwe zvakadaro. Saka anomhanya maera imwe chete zuva roga-roga, ndinotenda ndizvo, kanawo zvimwe, kuti aeksesaize.

⁹⁴ Munhu awora. Rudzi rwese rwevanhu rwawora. Zvinhu zvose zvakafanana sezvazvaiva munguva apo nyika yakazoparadwa nemvura zhinji. Zvanyatsovhiringidzwa, zvashandurwa, zvasiyana nemutsara wakatwasuka umo mavakadyarirwa naMwari. Chivi, kubudikidza nesainzi nekunyengera, kwamonyorotsa rudzi rwese rwevanhu.

⁹⁵ Makaverengawo here zvakare muzasi chaimo menyaya iyi, apo pazvakanzi, "Mumazuva ano, vasikana nevakomana vadiki vanenge vasvika pazera ravo repakati nepakati rehupenyu, maererano nemaumbirwo emitumbi, pakati pemakore makumi maviri nemakumi maviri nemashanu ekuzvarwa." Pafungei ipapo.

⁹⁶ Mukunzvera zvakavanzika pane umwe usiku, ndakawana mumwe musikana ane makore makumi maviri nemaviri

ekuzvarwa, ari panguva yekuguma kubereka, ndokumutaurira. Ndizvo zvaakanga audzwa nachiremba wake.

⁹⁷ Munoono, rwakawa, rwaparara, rudzi rwakawora rwakananga kugehena. Ndinoziva kuti hazvinzwike sezvakafanira, asi ndezvemuBhaibheri, munoono, kuti ichocho ichokwadi; uye kuti rudzi urwu rwatiri kurarama marwuri, chizvarwa chino ichi chevanhu.

⁹⁸ Zvino cherechedzai nhasi, kuita mombe dzemasanganiswa, kuita zvirimwa zvemasanganiswa; uye sainzi inonyatsodzoka, sainzi imwe chete yacho inozviita, inoti, “Ndizvo zviri kuparadza rudzi rwese rwevanhu.” Munozviverenga zvimwe chete sezvandinoita. Saka, sei vasingazvimise? Nechikonzero chekuti havakwanise kuzvimisa. Shoko raMwari rakataura kuti zvichange zvakaDaró. Asi kana vakafunga kwechinguvana, ivo midziyo yokushandisa, saJudhasi Iskarioti, vachinyatsoisa chinhu chakanzi naMwari chaizoitika. Iri kunyatsozviita nemaitiro avo esainzi.

⁹⁹ Nekunzvera kwake kwesainzi, nemaitiro mamwe chete aakanyengera Evha, anyengerawo zvakare kereke, apo Evha aiva mufananidzo. Zvino, zvino Adhama mufananidzo ipapo zvakare, kana kuti Evha, waro, wekereke, cherechedzai zvayakaita. Kubudikidza nokufamba achitsvaka zivo, anodarika mutsara uri pakati pechakanaka nechakaipa, kubudikidza nokuteerera kutsveyamisa kwaSatani, kana kumonyororwa, kweShoko raMwari repakutanga.

¹⁰⁰ Uye zvino makereke nhasi atsveyamiswa. Zvino handisi kutaura vanhu, vanhu dungamunhu. Ndiri kutaura pamusoro pekereke yenyika. Imwe yakamoyororwa neimwe nzira, imwe ndokumonyororwa neimwe, uye, nesainzi. Maitiro mamwe chete aakaita. Akaita zvaakanga ati aizoita, Satani akazviita, waIsaya 14:12.

¹⁰¹ Regai tingozviverenga kwechinguvana. MuBhuku raIsaya, ngatitangirei pachitsauko 14, ndima 12.

*Haiwa wawa seiko uchibva kudenga, O Rusiferi,
mwanakomana wemambakwedza! wakandwa seiko
pasi, iwe wokuwisira marudzi pasi!*

Uye ndiIsaya achimuona muchiratidzo, munoono, muzera rakanga riri kuzouya.

*Iwe wakati mumoyo mako, ndichakwira kudenga,
ndichakwiridza chigaro changu choushe kumusoro
kwenyeredzi dzaMwari: ndichagara pamusoro pegomo
reungano, . . . yamativi ekumusoro:*

¹⁰² Chinangwa chaSatani, kubva muEdheni, chaiva chokuzvigadzirira Edheni pachake; nekuzozvikwiridzira pamusoro, kuitira kuti nyeredzi dzaMwari dzigomunamata, vanakomana vagomunamata. Uye anyatsozviita zvino, uye

mushure mokunge azviita zvino akazviunza mukereke. Izvo, zvandisiri kuzodonongodza. Angave ani wenyu anoteerera matepi anoziva nezvazvo. Kuti, ndiyo chaiyo nguva iyo yatiri kurarama mairi, uye ndiSatani akazviita kubudikidza nehurongwa hwedzidzo, chinokwana zviri nani, *ichi* chiri nani, *icho* chiri nani. Uye vasingazive, nguva dzose, kuti vari kufamba vachipinda vakananga murufu. Vakapofomara, vachitungamira mapofu, vatungamiri venyika mapofu, vatungamiri vesainzi mapofu, vatungamiri vekereke mapofu, bofu richtungamira rimwe bofu. Jesu akati, “Varegei vakadaro, vari vaviri vachawira mugoronga.”

¹⁰³ Pano cherechedzai mufananidzo wemaEdheni maviri achinyatsofananidzwa nepedyo pamwe chete, kusvikira zvinopotsa zvanyengera ivo Vasanangurwa. Mateo 24:24 yakataura kuti zvaizova saizvozvo. Asi ndiri kuda kuti timbomira zvishoma timboongorora maEdheni maviri aya, uye chinhu chimwe chete kunyanya, kuti Bhaibheri rinotiudza kuti Shoko raMwari ndiro rakagadzira Edheni, uye kuti Shoko raMwari rinotiyambira kuti rimwe Edheni raizouya.

¹⁰⁴ Zvino, tinozivawo zvakare kuti kunofanira kuva nerimwe Edheni, kana tikateerera muporofita, Pauro, muna vaTesaronika veChipiri chitsauko 2. Ndinokwanisa kuIverenga kana muchida.

Uyo anozvisimudzira; zuva iroro *harizouya*, raShe,
kusvikira *kwatanga kuuya munhu wezvivi*, . . .

. . . uyo anogara mutembere yaMwari,
achizvisimudzira *pamusoro pezvose zvinonzi Mwari*,
kuitira kuti iye saMwari anonamatwa saMwari.

¹⁰⁵ Fungai nezvazvo! Zvino Isaya 14, muporofita anoti akaona “Rusiferi, mumoyo make,” kubudikidza nechiratidzo ari pasi pekufemera kwaMwari, “achiti aizvozviita.” Muna Isaya, makore mazana masere Pauro asati auya, kana kuti akada kuwanda zvakadaro.

¹⁰⁶ Zvino pano, makore mazana masere akatevera, Pauro anomuona, anouya panzvimbo yake. Cherechedzai, zvinozogoma zvave, Edheni rake; Edheni rake resainzi, nyenika yake yesainzi, nekereke mwenga wesainzi, zvose zviri pasi pesho—shoko “rezivo,” maseminari makuru, madhigirii makuru, hurongwa hwedzidzo.

¹⁰⁷ Teerera, hama, hanzvadzi, mumwe nomumwe wedu achafamba nzira iyo yakafambwa naFlorence. Ndinokukumbirai, nemuZita raJesu, kurangarira Izvi. Kwete kurangarira ini. Ndiri hama yenyu. Izvi, handizvo. Cherechedzai Shoko randiri kutaura, remuBhaibheri raMwari. Uye munyatsotarisa, rakanyatsosimbiswa zvakakwana muShoko raMwari pachaVo, muzera ratiri kurarama mariri, apo patiri.

¹⁰⁸ Hurongwa uhu zvemazvirokwazvo ndehwaantikristu, mune zvahuri. Zvino, anofanira kuva neEdheni, akati aizozviita.

Herinoi Shoko raMwari rakapfava riri kuti aizozviita, uye hepano tinotarisa kunze tomuona achizviita. Azviita nemwenga wake wenjere, wesainzi, wesangano. Achazoguma, rimwe remazuva ano, muWorld Council Of Churches ichagadzirwa. Ose achange ainaye. Kuedza . . .

¹⁰⁹ Vanhu vacho, kwete kuti vanhu vakaipa; vakadyarirwa mumutsara uya wakatwasuka, sechibage, asi Satani akadyara sora rinotandavara, rinonzi sainzi, kunzvera, dzidzo, madhigirii anachiremba. Dzimwe nguva havakutenderi mupurupiti kunze kwekunge uchigona kuratidza madhigirii ako avanachiremba kubva kune imwe seminari pane imwe nzvimbo. Zvose zvakatsveyama! Kwete vanhu; hurongwa ndihwo hwakatsveyama. Uye zvino chii chazvaita? Zvasvika kumusoro zvakare, uye ndokuunza pasi rose (kubudikidza nezvekugadzirwa kwemasanganiswa, kutsveyamiswa kweMbeu yepakutanga yaMwari) kupinda mune imwe nyonganyonga iri murima.

¹¹⁰ Asi ndinofara kuti Mwari vanofunga nezvedu zvakare, zvokuti Vanokwanisa kufamba pane mamiro akadaro. Vakavimbisa kuti Vaizozviita, uye vodana boka duku rinozova Mwenga waVo.

¹¹¹ Cherechedzai pano zvakare zvino, kuti makereke aya anonyatsofananidzira sei, kana kuti maEdheni.

¹¹² Mwari, kubudikidza neMbeu yeShoko raVo! Uye pane chinhu chimwe chete chinogona kumutsa Shoko iri, zvino ndiwo Mweya, nokuti Ndiwo Mupi weUpenyu kuShoko. Uye kana Upenyu huri muShoko hukasangana neHupenyu hweMweya, Hunobuditsa chero zviriro Mbeu yacho.

¹¹³ Zvino cherechedzai zvakaitika. Mubindu reEdheni maiva nehurongwa hwehupfumi hwaMwari hwekusawanirwa mhaka, uye ndiro raiva rimwe remwa—mwaka. Mwaka wekutanga wakanga usina mhaka, vanhu vakanga vasingazive chivi. Hapana chavaiziva nezvechivi. Vari vaviri Adhama naEvha vakanga vasina kusimira, asi vakanga vakavanzwa kubva pakusasimira kwavo, nechifukidzo chemweya chaive kumeso kwavo. Havana kumboziva kuti vaive vasina kupfeka, zvachose, nokuti vaive vakavanzwa. Nokuda, kwechifukidzo chaMwari mupfungwa dzavo, vakanga vasingazive chakanaka nechakaipa kuti chakadini. Uye vari vaviri vakamira vasina nguwo, zvakaraidza kuti zivo yakanga isati yauya kwavari, munoono, kuti vakanga vasina kusimira. Vaviri vakanga vasina kusimira uye vasingazvize.

¹¹⁴ Zvino kana mukazarura, kana muchida henyu, kana kuzvinyora pasi, kuna Zvakazarurwa, chitsauko 3. Mweya Mutsvene uchifanotaura nezvezera rino rokupedzisira, kune Zera reKereke yePentekosti reRaodhikia mumazuva okupedzisira, Akati:

. . . hauna kusimira, uri bofu, uye hauzvizive.

¹¹⁵ Heyo iyo Mbeu yaMwari, pasi pekusava nemhaka, vasingazive zvachose kuti havana kupfeka, pasi pechifukidzo cheMweya Mutsvene, chichivafukidzira kubva kuchivi.

¹¹⁶ Uye zvino muzera rekereke rokupedzisira, tinoona pano kuti havana kupfeka zvakare, uye havazvize. Asi hachisi chifukidzo cheMweya Mutsvene. Chifukidzo icho Satani akapfekera pana Evha kareko, chifukidzo cheruchiva, chifukidzo cheruchiva. Vave nehunhu hwakasviba kusvikira havazive kuti havana kupfeka, madzimai edu mumugwagwa, vaine zvikabudura, hanzu dzinokwezva ruchiva.

¹¹⁷ Mumwe munhu akanditumira nyaya yaive mubepa mumwe musu, yerokwe idzva iro ravari kuzopfeka, ndinofunga, mainchi gumi nemana kubva pahudyu, kanawo zvimwe. Uye handizive kana edu—kana edu madzimai asingacherechedzi kuti chifukidzo cheruchiva?

¹¹⁸ Zvino u—unogona kuti, “Ndinokwanisa kuratidza, pamberi paMwari, handina mhosva yekuita upombwe kumurume wangu, kana ini—ini. . . zvose izvi.”

¹¹⁹ Kunyange zvakadaro, paKutongwa, uchanzi uri “mhombwe.” Bhaibheri rakataura kudaro. Jesu akati, “Ani naani anotarisa mudzimai akamuchiva, atoita upombwe kare naye mumoyo make.”

¹²⁰ “Bofu, hauna kusimira, uye hauzvize!” Kwete madzimai maduku anonzwisa urombo ari kunze uko; hapana chandinovapomera. Kuipa kwacho! Uye hurongwa hwekereke hunotadza kuzvicherechedza kana kuzvipikisa; vovarega vachigera vhudzi ravo, nokuzora pendi, nezvikabudura nezvinhu, zviri pasi pezita reChikristu. Chinhu chinonyangadza zvakadini! Munoono, havachisina kusimira zvakare, muEdheni raSatani, uye havazvize. Havazvize.

¹²¹ Ndinotenda ndiri kuona, zvichida, ndichitarisa mhiri kuno, duhwino, kuti mudzimai ari kunze ikoko zvino. Dai mudzimai iyeye akangocherechedza zvaari kuita, asi haazvize. Haana kupfeka. Muviri wake wakayereswa. Anokumura hanzu dzaakapfekedzwa naMwari, nedehwe, kuitira chizvarwa chino. Ari kuramba achingoidimbura nguva dzose. Haana kupfeka, pasi peshoko rokuti “budiriro yehungwaru, dzidzo yepamusoro, budiriro yehungwaru iri nani, tsika dzepamusoro.” Regai ndive nechokwadi chokuti zvanyatsosinina. Zvose ndezvadhiiyabhore, uye zvichaparadzwa paKuuya kwaIshe Jesu. Zvichaparadzwa, zvose hazvo. Hapana chinhu chimwe chete chinosara.

¹²² Uye, o, shamwari, kwese munyika yose, apo uri kuteerera kwandiri pano muPhoenix, fungai nezvezvinhu izvi! Uri pano zvine zvazvinokuita. Zvino, Jesu akataura kuti, “Vaizonyengera Vasanangurwa dai zvaigoneka.”

123 Mweya wekutanga waive...chifukidzo chokutanga chaive chifukidzo chitsvene, Mweya Mutsvene, zvino akanga asingafanirwe kutarisa kunze kwaIchocho. Asi zvino—zvino Satani paakatanga kutaura naye pamusoro pezivo, akazongoita kakudongorera kaduku kunyika.

124 Ndizvo chaizvo izvo mwanasikana wake, kereke, yakaita. Unofanira kuona, unofanira kupfeka semutambi wemabhaisikopo, kana majaya vanoita saElvis Presley kana—kana Pat Boone, kana—kana vamwe vevanhu vaya, pasi pazita rechinamato.

125 Pat Boone ndewe Church of Christ. Elvis Presley muPentekosti. Vanhu vaviri vane madhimoni avo vakandira nyika yose munyonganyonga inodarika zvakaikwa naJudhasi Iskarioti paakatengesa Jesu Kristu. Havazvizive. Vakomana ava havazvizive. Hapana chandinacho chinopesana nevakomana ava—ava, varume, mweya uri kuvaitisa izvozvo.

126 Ingotsaukira kune rimwe divi iri zvishoma, worega kasora kanotandavara aka kabate zvishoma kakamoneredza gunde rechibage ichi, imwe nguva, tarisa uone zvinoitika; chibage chaparara. O, hongu, kachibata. Uye ndiwo maitiro akachazviita. Kachazviita nguva dzose. Evha akangodongorera kamwe chete kunyika.

127 Zvino rega nditaure chime chinhu kwauri, hama nehanzvadzi. Muna Johane weKutanga, chitsauko 2 nendima 15, tinogona kuIverenga kana muchida, Bhaibheri rinoti:

...kana tichida nyika, kana zvinhu zvenyika, nokuda kwekuti *rudo rwaMwari* harwusi matiri zvachose.

128 Zvino, shoko riri pano harirevi *pasi rino*; ishoko rechiGiriki, rokuti *kosmos*, zvinoreva “hurongwa hwenyika.” Kana tichifarira mafashoni enyika, nyika, kana tichida maitiro ezvinhu ezuva rino, kana tikafunga “ino inguva inoshamisa, o, tine zvinhu zvose izvi,” kana ukafunga zvakaikwa, zvinokonzerwa nokuti mafungiro ako akaipa. Akatsveyamiswa nadhiyabhore. “Kana uchida hurongwa hwenyika, nezvinhu zvemunyika iripo zvino, chikonzero ndechekuti rudo rwaMwari harwusi mauri.” Rangarirai izvozvo. O Mwari! Onaiwo zvatakatarisa mazviri!

129 Pano ndinoda kumbomira zvishoma ndigokuudzai imwe nyaya duku. Ndakanzwa mumwe mufundisi wemasoja akabva muHondo Yekutanga Yepasi rose. Vakanga vakanda . . .

130 SaSatani pakutanga, paakauya mubindu reEdheni. Akanga asingakwanise kufukunura Mbeu dziya. Haaigona kudziparadza. Asi akadzipfapfaidza nechepfu, zvino ndokuremadza Mbeu, haina kunyatsobereka zviri zverudzi rwayo. Zvakaremadza Mbeu yepakutanga.

¹³¹ Uye ndizvo zviru hurongwa hwese uhu hwekunamata. Vachingori vanakomana nevanasikana vaMwari, asi iri kutsveyamiswa. Vanoenda kucheche, vachida kuita zvakanaka. Musisita weRoma haaende kukonivhenti kuti ave mudzimai akashata. Mushumiri haapfuure nemuchikoro kungoitira kuti agova munhu a—a—akaipa. Haujoinhe chechi, nokukwazisa mawoko, nokuisa zita rako mubhuku, kana chero zvamunoita muchechi mako, kuti uve munhu akaipa. Unozviita kuti uve munhu akanaka. Asi kunyengereka, kutsveyamiswa kunozviita. Satani akaipfapfaidza. Maona? Mwari havana kumbobvira vava nesangano. Hapana chinhu chakadaro chero papi hapo chinowanikwa muMashoko aMwari.

¹³² Mwari ndivo sangano redu, takarongwa maVari, Mutumbi, muna Mwari, Kudenga. Ndizvozvo chaizvo. Mazita edu ari muBuku reUpenyu reGwayana. Cherechedzai.

¹³³ Asi, onai, ndinoziva kuti zvakaoma kwazvo, asi ndi—ndinoda kuti mutsungirire kwechinguva zvishoma kana muchida. Munguva yehondo yepasi rose...Mundiregererewo nokuda kwekubva pachidzidzo changu.

¹³⁴ Asi kuti ndiite chitaurwa ichi, nda—ndanga ndichida kukupai maonero angu ezvakaitwa naSatani muEdheni: akapfapfaidza chipfapfaidzo chepfu yakaipa kwazvo. Mungada here kuziva kuti chii chaakapfapfaidza? Ndinokwanisa kukuudzai. Ndine magadzirirwo acho, mashoko maviri: kusatenda, uko kunopesana nokutenda, akapfapfaidza kusatenda, kupokana. Zvino sainzi yakazadza nzvimbo yacho. Apo pane chinzvimbo ichi, chakapinda muMbeu, Satani akazadza chinzvimbo ichi nezivo nesainzi nebudiriro yehungwaru, zvino zvakatsveyamisa zvisikwa zvose, hazvo zvaMwari.

¹³⁵ Ndinoziva kuti muri kufunga kuti ndiri kukuendesai mukutsauka, asi ndiri mukutsauka nemi. Uye tose tiri pano kuti tione kuti tiedze kuona kuti tingaita sei. Hatitaure zvinhu izvi kuti tive vakasiyana. Tinofanira kunge takatendeka.

¹³⁶ Isu, mumwe nomumwe, tinosvika kumagumo enzira, uko kwachapindurira shoko rose. Iye zvino, tinoziva kuti manzwi edu...Patinozvarwa, kuchema kwedu kwekutanga kunoenda kwese patepi. Kuchazoridzwa zvakare paZuva reKutongwa. Kunyange hanzu dzaunopfeka dzicharatidzwa kumeso kwako, paZuva reKutongwa. Kunyange sainzi yakazviwana izvozvo, kubudikidza neterevhizheni. Munooni, terevhizheni haigadzire mufananidzo, inongoufambisa. Ruvara rwenguwo, nguva yose paunofamba, mufungo wose uri mupfungwa yako, unochengetwa zvezvirokwazvo murhekodhi yaMwari. Zvino chinhu chikuru chiya chichanyatsoiswa pamberi pako chaipo, dzose hanzu dzisina hunhu dzawakapfeka; nguva yose pawakaenda kubhabhashopu, ndokudimbura vhudzi iro

rawakapiwa naMwari. Zvichange zvakadaro. Uchazvipindurira. Haukwanise kufamba ipapo, kunyange pfungwa dzemoyo wako paunenge uchizviita, zvicharatidzwa pamberi pako. Ko uchapunyuka sei? “Ko tichapunyuka sei kana tikashaya hanyin’ a neruponiso rwakakura zvakadai?” Maona? Hatisi kuzopunyuka. Mafambiro ose, mufungo wese wemoyo, wakanyorwa mune mamwe maonero, kunyange ruvara rwehanzu dzaunopfeka. Terevhizheni, terevhizheni inoburitsa mavara inozviratidza, inozvitora yozviratidza, munoono, uye zvinongori muchiyero chimwe chete kubva pane zviyero zvitatu zvatinogara mazviriri. Maona?

¹³⁷ Zvino chepfu yarova kereke, yarova nyika! Chepfu yaSatani paMbeu, yaisa maburi mairi zvino ndokuiita kuti iremare. Achiwedzera nokuwedzera, ari kuwedzera kunyura mumoyo wemakereke, nemumoyo yevanhu nezvose, sainzi, sainzi. Zvokuti zvasvika pokuti rudzi rwevanhu, vachisanganiswa pakuberekana. . . Ndinotenda kuti mbeu yega-yega inofanira kubereka zverudzi rwayo. Uye rudzi rwevanhu, nezvinomera, uye zvose zviri kusanganiswa, zvatitsvitsa panzvimbo yokuti; mukudya chikafu chedu chinobva muvhu, zvinova, mitumbi yedu, yaitwa masanganiswa, zvaisa pfungwa dzedu dzose. . . Zvino, kana mitumbi yedu iri kuwa, kubva pamakore makumi maviri kusvikira pamakumi maviri nemashanu okuberekwa, nokuda kwezvizenga zvakaparara, nokuda kwechikafu chemasanganiswa, ko zvizenga zvepfungwa dzedu hazvipararewo here? Hazvisi zvizengawo here, zvakare? Ndicho chikonzero Ricky achimhanya nemumugwagwa pano, nemotokari yake yemujawe; apo Ricketta, vanaElvitta, nevakawanda vavo, semazita atingavadana, kunze kuno uku vasina kusimira zvakakwana pamberi pevanhu, vave kupenga, havachaziva chinonzi kudzikama kana hunhu hwakanaka.

¹³⁸ Kunyaya yangu duku. Mufundisi wemasoja uyu akati akange ambodzika kuchipatara, uye ndokuti vakomana vakawanda vaive varere mutende, vamwe. . . Akanga vachangobva kunze. Anoti akaenda kunze ikoko, zvino mumwe officer akamuudza, ndokuti, “Mufundisi, tinoda kutyaira tichienda kunze, kuti tigoona nzvimbo dziri kunze uko.” Vakanga vakanda uya mwewa une chepfu wemustard nechlorine, sezvavaiita mumazuva iwayo.

¹³⁹ Zvino akati, “Ndakaenda kunze ikoko, Hama Branham,” ndokuti, “pakanga pasina kana gwati pamuti, pakanga pasina kana katsuri keuswa. Aive mangwanani eEsta.” Akati, “Kwaiva nezvimugweje zvitsaru zvenganunu ikoko, zvino officer vaifanira kunyora pasi huwandu hwacho, zvino zvozoonekwa kana paine zvinogona kuitwa nezvazvo, pedyo neArgonne Forest guru.” Ndokuti, “Pandaive ndakamira ipapo ndiri ndoga,” akati, “ndakatarisa mudenga, ndokuti, ‘O Mwari, ndiyo nzira iyo zvose zviri kuzova.’” Ndizvozvo chaizvo, zvose zviri kuzosvika

pakadaro. Zvose zvakanga zvakatsva, pasina paiva nehupenyu zvachose, huswa hwakatsva hwese; muti, nemweya iya yechepfu, miti yakauraiwa, zvinhu zvose zvakauraiwa, zvakamonyoroka, zvakaremba, apo mbumburu nezvinhu zvazviboora.

¹⁴⁰ Ndokunge kana usiri mufananidzo wenyika nhasi, apo Satani ari kupfapfaidza kusatenda kwake, zvmesanganiswa zvake, sainzi yake, zivo yake! Kusvikira, izvo zvazvaiva pakutanga, apo Mwari vakaisa Adhama naEvha mubindu, paradhiso iya yakanaka isina rufu, isina hurwere, isina kusuwa, uye zvinhu zvose zviru muhurongwa hwakakwana, chionai zvakaitswa neDDT yaSatani! Yave nyonganyonga. Hapachisina chasara mairi.

¹⁴¹ Akati, “Ndakatanga kuchema. Ndakafamba ndichidzokera, ndokukwezvwa meso nerimwe dombo.” Ndokuti, “Ndakangoenda ikoko zvino ndokutarisa dombo iri, ndokurisandudzira kubvapo. Pasi muzasi medombo maiva neruva duku jena rakanga riri kukura, chinhu choga chipenyu chakanga chasara, nokuti rakanga rakafukidzwa nedombo.”

¹⁴² Mwari, Dombo rangu, tifukidzei nhasi, O Mwari, kana chepfu idzi dzichibururuka kwese-kwese muzita resainzi nedzidzo. Tifukidzei. Ndichengetei kusvikira pazuva iroro, O Mwari, ndiwo munamato wangu. [Mumwe munhu papuratifomu anoti, “Musazviisire muganhu panguva, Hama Branham.”—Mupepeti.] Zvino ndine tariro yokuti isu, mumwe nomumwe, tiri pasi peDombo iri, Kristu.

¹⁴³ Ndichangobva mukuparidza pane rimwe zuva, vakawanda venyu makainzwa. Ndakanga ndiri kufamba ndichidzika nemudondo, ndichivhima, zvino ndakakwezvwa meso kuti nditendeuke. Zvino ndakatarisa, zvino hepanoi paiva parere bhokisi kana kuti pakiti refodya risina chinhu, kana zvamunoridana. Zvino ikambani, handisi kunzwa kuti ndinofanira kutaura zita ravo, asi kambani yefodya iyi yaive, vane chitaurwa, “Sefa yemunhu anofunga, kuravira kwemunhu anoputa.”

¹⁴⁴ Ndakatanga kufamba ndichidzika ndichito—topinda mudondo, zvino Chimwe chinhu chakandikwezva, “Dzokera kupakiti riya refodya.”

¹⁴⁵ Ndakafunga, “Baba voKudenga, ndiri kuenda zasi uko kune muti uya apo tsindi dziya dzakataurwa neMi dzikavapo, mamwe mangwanani. Ko Munondidanirei kuti ndidzokere?”

¹⁴⁶ Zvino Chimwe chinhu chakati, “Une mharidzo iri kuuya yemusi weSvondo. Chidzidzo chako chakanyorwa ipapo.”

Ndakafunga, “Papakiti refodya?” Ndakadzokera.

¹⁴⁷ Zvino ndakatanga kufunga, “Sefa yemunhu anofunga,” kunyengera kwakadini uku! Kana munhu ari munhu anofunga, haamboputi zvachose. Asi, munoona, vanhu vanozvikabira.

¹⁴⁸ Ndinotenda kuti aive makore maviri akapfuura, pandaive ndiri mune imwe yemakonivhenisheni, ndakaenda kuworld's fair payakanga iri kuWest Coast. Zvino vaiva nemufananidzo waYul Brynner nevamwe vakawanda vavo ipapo. Zvino vezvesainzi, nevamwe vakawanda, vakanga vari muimba huru imwe chete, pamusoro penjodzi yekuputa fodya. Uye kuti vaikweva utsi uhu nepadombo, zvino vaitora Q-tip votora nikitini kubva ipapo zvino voiisa pamusana wegongo, zvino voriisa mukeji, mumazuva manomwe rainge razara nekenza zvokuti rainge risisagone kufamba. Maona? Akati... Akahukweva nemumvura.

Ndokuti, "Sefa!"

¹⁴⁹ Akati, "Sefa? Hakuna chinhu chakadaro." Akati, "Iwe..." Zvino, ava isainzi pachezvavo. Vakati, "Haukwanise kuva neutsi kunze kwekunge uine tara. Tara inogadzira utsi."

¹⁵⁰ Uye chinhu choga chazvingori, manomano, ekuwedzera midzanga yekutengesa. Kana izvozvo, kana ini... Handina tariro yokuti munofunga kuti ndiri kumhura kana kuva mupengereki. Ndidhiyahore mumunhu, anomuita kuti apute fodya, kuti azviuraye. Paa—anoda nikitini yemudzanga mumwe chete, inogutsa havi yake, zvino kambani inouya zvino nemano aya anonyengera, zvino voti, "Sefa yemunhu anofunga." Saka anotozofanira kuputa midzanga mina kana mishanu, kuti zvigadzira tara yakakwana mauri (kumugutsa) sezvawaita neimwe chete. Vanhu vemuAmerica vachitengesa rufu kuhama nehanzvadzi dzavo! Handizvinzwisisi.

¹⁵¹ Asi zvakadaro imomo, ndakafunga, "Pane Sefa yemunhu anofunga iyo yakanaka."

¹⁵² Zvino kana munhu achiputa, rangarirai, zvinogadzira kuravira kwemunhu anoputa. Zvino, kana usingagone kuva ne...kugutsa havi yechiutsi kusvikira wawana utsi ikoko zvino wowana...zvinofanira kugadzira kuravira. Saka unoputa midzanga mina, kana mishanu, zvino wobhadhara yakawanda kudarika yawainge wakabhadhara dai wainge waputa chimonera chimwe chete. Munoono, manomano, mano ekutengesa; vachinyengera vanhu, vanhu vemuAmerica. Ndikafunga nezveValley Forge, George Washington; aine zvikamu zviviri kubva muzvitatu zve masoja ake, uye vasina shangu mutsoka dzavo, nomusi uya waitonhora, kutigadzirira hupfumi uhwo hwatiri nhasi! Zvino vomuAmerica vachitengesera wemuAmerica, hama nehanzvadzi yake, rufu, pasi pemano enhema, nokuda kwepfuma yakaipa, mudzi wechose chakaipa. Havi yemari, rudo. Zvinhu zvacho zvose zvangove zvekupenga, vasingazive kuti chinhu chose ichi chichaparara! Asi kana ukasawana utsi, hauwane kuravira.

¹⁵³ Zvino ndakafunga, "Pane Sefa yemunhu anofunga." Sefa yemunhu anofunga! Zvino ndakatora chidzidzo changu kubva

pane “Sefa yemunhu anofunga inogadzira kuravira kwemunhu mutsvene.”

¹⁵⁴ Saka ndakafunga kuti masangano edu aita chaizvo zvinhu zvakafanana naizvozvo, vanotora vanhu zvino vozvidana kuti Makristu ivo vangori zvese-zvese. Sei? Vanowana vakawanda mumachechi avo kana kuti mumasangano avo. Tinowana vakawanda imomo nokuti tinovarega vachiuuya pasi peizvi, izvo, nezvimwe, uye nechose hacho. “Hazvina mutsauko wazvinoita, chero bedzi vangoisa zita ravo mubhuku zvino voti tave Makristu. Ndizvo zvoga. O, ‘wakaponeswa nokutenda.’ Unofanira kutenda.” Dhiyahhore anoitawo zvimwe chete. Hongu.

¹⁵⁵ Unofanira kuzvarwa patsva, uye zvinouya kubudikidza neSefa yaMwari! Zvino pane Sefa yemunhu anofunga. Ndakaibata muruwoko rwangu. Haigadzire kuravira kwesangano, asi Inogutsa zvmazvirokwazvo kuravira kwemunhu mutsvene, munoziva.

¹⁵⁶ Ko mudzimai akagerwa vhudzi angapfuura sei nemuSefa iyi? Ko mudzimai akapfeka chikabudura angapfuura sei nemaIri, kana midhebhe, apo Bhaibheri richiti, “Chinyangadzo kuna Mwari, kuti mudzimai apfeka hanzu iyo yakafanana neyemurume”? Uye ko murume uyo anofungawo chimwe chinhu pamusoro pake, anobuda kunze uko zvino opfeka semadzimai, orega vhudzi rake richikura sere mudzimai, kusvika zasi mumaziso ake, aine vhudzi repahuma, rakapenderwa mudenga sezvizvi? Iye ari kupfeka hanzu dzemudzimai wake dzemukati. Mudzimai ari kupfeka dzemurume dzekunze. Sefa yemunhu anofunga? Murume anofunga haaita zvakadaro, kana mudzimai anofunga haazviite. Shoko raMwari harizviregi zvichipfuura.

¹⁵⁷ Hapana chinhu chimwe chete chinogona kupfuura nemuShoko iroro. Ndiwo Mweya Mutsvene, uye Unounza Shoko mauri, zvino Wogadzira kuravira kwemunhu mutsvene.

¹⁵⁸ Tarisai nhasi, Ricketta ari mumugwagwa, anoyevedza, ane chimiro chemuviri chakanaka chaakapiwa naMwari, zvino Satani ari kuchishandisa. Zvino anopfeka zvinonyadzisa kwazvo, asingazive kuti svondo rimwe chete kubva nhasi anogona kunge ari kuwora ari muguva.

¹⁵⁹ Ndaidzika nemugwagwa kuno nguva shoma yakapfuura. Ndakanga ndiri kuparidza pakonivenisheni mune imwe Assemblies of God uko kuWest Coast, mumusangano kunze uko kuSouthwestern Bible School. Mumwe mudzimai muduku akanga achifamba achidzika nemugwagwa, muduku... aine nguwo pfupi, mabhikini, kana chero zvamunozvidana, nezvishinda zvainge zvakaremba kunze, akapfeka nguwane nenjombo dzemacowboy. Ndainge ndiri kukwira nemugwagwa. Ndakafunga, “Muchinda muduku anonzwise urombo, mwana wevamwe amai nababa, akaiswa pano kuva mwanasikana

waMwari, zvino ave muteyo wepamusungo wadhiyabhore.” Ndakafunga, “Ndinotenda ndichangotendeuka ndodzokera, ndotaurira mwanana uyu.” Airatidzika sokunge aiva wezera raSara wangu ipapo, makore gumi nemanomwe, makore gumi nematanhatu okuzvarwa, kanawo zvimwe. Ndakafunga, “Kwete, regai ndisadaro. Ndichangoenda kuno kumusoro mumugwagwa ndonomunamatira. Kana mumwe munhu akandiona ndakamira ndichitaura naye, zviru nani ndisazviite.”

¹⁶⁰ Zvino, teererai, vanakomana waMwari, ukapinda panzvimbo yakadaro, vanaJezebheri ava vezuva rino vanotambira pedyo newe, asi munhu anofunga anotanga afunga. Anogona kunge akanaka kwazvo pachiso, zvinogona kuitika kuti “ndinogona kuwana mukurumbira naye,” asi ucharasikirwa nemweya wako, mukomana; vamwe venyu imi vasikana, kune vanaRicky ava! Sefa yemunhu anofunga inogadzira kuravira kwemunhu mutsvene.

¹⁶¹ Imi varume vakarooro, kana muchiona madzimai mumugwagwa akadaro, imi vanakomana vaMwari, hamucherechedzi here zvakaitika pamavambo epakutanga? Apo sainzi yakanga yaita kuti madzimai ange anaka kwazvo pachiso munyika yokuparadza nemvura zhinji, kusvikira vanakomana vaMwari vakatora vanasikana vevanhu (kwete vanasikana vaMwari), uye Mwari havana kana kumbozvikananwa. Vakaparadza zvinhu zvose; sainzi, runako rwakawedzerwa. Zvaisiti. . . Munocherechedza runako rwemadzimai rwuchisimukira mumazuva okupedzisira, chiratidzo chemagumo; Mwari vakazviratidza. Saka, shandisa Sefa yemunhu anofunga, unozova nekuravira kwemunhu mutsvene. Ucharasikirwa nemusha wako. Ucharasikirwa nechinzvimbo chako. Ucharasikirwa nezvose zvaunazvo; pamusoro pazvo, mweya wako! Zvichaparadza musha wako. Zvinogona kuzoitika kuti mumwe murume azorera vana vako, kana mumwe mudzimai azorera vana vako.

¹⁶² Tora Sefa yemunhu anofunga, inogadzira kuravira kwemudzimai mutsvene. Paunotanga kuenda kubhabhashopu, kanawo zvimwe, zvino vokuudza, “Uchatemwa nemusoro, unoziva.” Tora Sefa yemudzimai anofunga, izvo zvakataurwa neBhaibheri, munoona, zvararo wofamba uchibva pazviru. Maona? Usazviite.

¹⁶³ Ndiri hama yenyu, uye ndinokudai. Handina chandinacho chinopesana nemi. Mwari vanoziva. Uye ndizvo zvinondiita kuti nditaure zvinhu sezvandinoita, zvinoitiswa ne—nerudo rwaMwari kwamuri. Kana munhu akaenda kunze uko zvino orega kukutaurirai, mufudzi wenyu okuregai muchigara nokuita zvakadaro, haakudei. Haakwanise kukudai. Handigada rudo rwakadaro kumadzimai. Ndinoda kuve nekuravira kutsvene kuhanzvadzi dzangu. Ndinoda kuti anyatsova hanzvadzi yangu. Kwete mumwe munhu anoti, mumwe munhu akataura

zvokuti iye akanaka kwazvo pachiso pamwe nezvaari, uye nevanamambokadzi veruchiva vaya, “Anoenda kwangu...” Huh-uh. Kwete. Ndinomuda kuti ave mudzimai kwaye!

¹⁶⁴ O Ishe, ndichengetei ndiri pasi peDombo. Hongu. Muna vaEfeso 5:26, nzira yoga yaunokwanisa kupfuura nemuDombo iri, ndeye, “Kugezwa nemvura dzekupatsanura neShoko.” Ndizvozvo.

¹⁶⁵ Zvino, usarega dhiyabhore uyu achikupfapfaidzai nedzidzo yake. Kwete, kwete. Inokuuraira runziro yako. Usarega dhiyabhore achitora izvozvo, “Handiti, ndiri nhengo yechechi yaipindwa naamai vangu, iyo baba vangu, iyo ambuya vangu.” Usarega dhiyabhore achikupfapfaidzai nezvakararo. Bhaibheri rakatotaura kare, pamaZera Manomwe eKereke, nezvinhu imomo, yose yaenda kumbeu! Ndizvo chaizvo. Usamurega achikupfapfaidza, achiti, “Zvakanaka, maitiro epamusoro. Tave vakadzidza kudarika zvataive mumazuva akare.” Usarega dhiyabhore achiisa zvakararo pamusoro pako. Ndakuratidzai hurongwa hwake hwese hwebudiriro yehungwaru, dzidzo nesainzi. Ava nazvo muchechi chaimo, zvino usateerere kune zvakararo. Chengeta musoro wako uri kunze kwematervehizheni aya ane tsvina nezvinhu!

¹⁶⁶ Chidzidzo chedu chinoti, “Musazvienzanise, asi mushandurwe.” Kwete kupinda uchiti, “Ndakasimbiswa, Svondo.” Kwete. Pinda ushandurwe iye zvino, kushandurwa kubva kune zvaari, kuva izvo zvinodiwa naMwari kuti uve.

¹⁶⁷ Zvino, zvinoenderana nemhando yembeu iri mauri. Kana mbeu yanyanjere, yedzidzo yakaiswa mauri, panongori nechinhu chimwe chete chainogona kuita, kukutsveyamisa, ndizvo zvoga, kumwanakomana kana mwanasikana waMwari. Ndicho chinhu choga chainogona kuita. Vanhu nhasi, pandinotarisa kunze, vanoita sokunge vasingatombotendi kuti kuna Mwari.

¹⁶⁸ Mundiregererewo kutaura uku. Kana pane ari kunzwa kuti agumburwa neizvi, handireve kuti zvidaro. Misi yeSvondo yakati kuti yapfuura, ndakakokwa nemwanasikana wangu, kuuya kwaive neterevhizheni kuzoona kuimba kwevanamati. Ndezve Svondo mangwanani. Ndaida kunzwa Oral Roberts pachirongwa chake, ndakavaudza kuti vagondizivisa. Ndokuti, “Inzwai ichi, kuimbwa kwechimbo kukuru.” Mwanakomana wangu aive akamira ipapo, akandiudza nezvachowo, zvakare. Zvino ndakabatidza terevhizheni iya . . .

¹⁶⁹ Tinorenda kubva kune mudzimai ane terevhizheni mumba make. Handitombovi nepfungwa yekuva neimwe mumba mangu. Kwete, changamire. Handidi chinhu ichi mumba mangu. Ndinoinputitsa nechifefe changu. Handidi kuva nechekuita nechinhu chakaipa ichi. Kwete, changamire! Asi ndokutora . . .

170 Regai ndikutaurirei pamusoro penyu imi vagari vemuArizona pano. Makaona here ongoro iya pane rimwe zuva, yemuzvikoro, hamuna here? Zvikamu makumi masere kubva muzana zvegana vari muzvikoro zvemuArizona vane dambudziko repfungwa dzisina kunyatsokwana, zvikamu makumi matanhatu nevanomwe kubva muzana vavo zvakakonzerwa nokutarisa terevhizheni. Munoti kudini nazvo?

171 Chitoshandisa chifepe chako! Maona? Zvino, usarega dhiyabhore achikupfapfaidzai naizvozvo. Kwete, changamire. Zvino vanhu, sokutaura kwandaita, vanhu vanoita sokunge vasiri kuzosvika paKutongwa.

172 Vakomana nevasikana ava, vaiva neimwe mhuri yechiIndia, nezvimwewo zvinhu zvakawanda. Ndinofunga kuti mumwe muchinda anonzi VaPool ndiye mukuru wayo. Zvino kana ndakamboona kunyangadzwa kwedzimbo dzechitendero kwechimanjemanje, akanga ari mabatiro avakachiita; rimwe boka ravana Ricky vakamira ipapo, vachizunguza mawoko avo vachikwira nokudzika.

173 Ndakoshesa zvikuru mujaya uya pano mangwani ano, aimba, achiratidzika zvakadzikama, semurume chaiye. Ndi—ndinozvida. Kana imi—imi vanamuzvinabhizimu pane dzimwe nguva pano mukatora boka ravanaRicky ava vomira pano, zvino voita ruzha nokudanidzira, nekungoenderera zvakadaro, zvino ombomira kufema kusvikira ave blue kumeso; zvino hakusi kuimba uku, ndiko kungoita ruzha rwakawanda rwesainzi. *Kuimba* “mutinhimira unobva mumoyo.”

174 Zvino ndakafunga, “Inga zvinonzwisa urombo! Inga zvinonyadzisa! Saka ko sei pasi pezita rekunamata, vachiita sokunge hakuna Mwari!” Mumwe munhu akati, rimwe zuva, kumukomana anofambidzana nemwanasikana wangu. Mukomana Mukristu akati, akataura achitsvinya pamusoro paAdhama naEvha, ndokuti, “Evha achipfuura nemubindu. Ndokuti, ‘Vana, muri kuona muti uri apo?’ Ndokuti, ‘Ndiwo uyo wakadyiwa naamai venyu ndokubva tabuditswa mumba nemumusha.’” Mungazvifungidzirewo, uyo anofanirwa kunge ari Mukristu akaperera, anatora vimbiso neShoko raMwari ozvikandira mudanga renguruve! Vanoita sokunge havasi kuzosvika paKutongwa. Asi Mwari vachaunza chakavanzika chose paKutongwa. Vanoita sokunge hakuna Mwari.

175 Handidi kuvadana kuti benzi, nokuti Bhaibheri rakati . . . benzi, hazvina kunaka. Jesu akati hazvina kunaka. “Usati mumwe munhu benzi.” Asi mumaPisarema 14:1, “Benzi rakati mumoyo maro, ‘Hakuna Mwari.’” Maona? Ivo, havasi . . . Handidi kuvadana kuti mapenzi, asi vanoita sokunge ndizvo zvavari. Vanoita saizvozvo.

176 Saka, munoono patiri nhasi, sokunge, “Hakuna Mwari.” “Ndiri nhengo yechechi!” Zvino ivo vose, zvose hazvo,

Bhaibheri, idambe guru. “Kereke yedu inoziva kwairi kuenda!” Hangu...[Chibenga patepi—Mupepeti.]...kunanga chaiko kugehena, ndizvo chaizvo. Vari munzira mavo chaimo, vachinyatsodzika nesainzi nedzidzo, maseminari edzidzo yebhaibheri nezvimwe, vachingovasairira vachidzika nemugwagwa. Mweya Mutsvene hauna kana mukana wokupa chizaruro pane chipi hacho; seminari yakatozvigadzirisira kare.

¹⁷⁷ Mweya Mutsvene uripo kutitungamira; kwete seminari, kwete mabhishopi nevatariri, nevakadaro. Mweya Mutsvene ndiye Mutungamiri wedu.

¹⁷⁸ Kaini aiva munhu akadaro. Aiva munamati mukuru zvezmazvirokwazvo. Zvino, kana chinamoto chiri icho choga chaunofanira kuve nacho, zvino Mwari havana kuita zvakanaka nokupomera Kaini. Nokuti, aiva munamati, aingova munamati uye akaperera sezvaiva zvakaita Abheri. Zvino rangarirai, akafunga nezvaMwari, akanamata Mwari, aive nekereke, akavaka artari, akapa chipiriso, akanamata, akarumbidza, asi akarambwa. Hazvina basa kuti sei...Esau akanzwarwo, zvakare. Maona?

¹⁷⁹ Chinamoto, munoona, ndiro basa raSatani; kwete kuuraya chinhu chacho chose, asi kungochisvibisa. Ndizvo zvoga. Haasi kuzouraya chinhu chacho chose. O, kwete macommunist; kwete, kwete, antikristu hachisi chicommunism. Bhaibheri rakati, “Uchanyengera Vasanangurwa dai zvaigoneka.” Musacherechedza keteni resimbi, asi repurple. Uh-huh.

¹⁸⁰ Asi, cherechedzai, Kaini akauya kuzonamata, asi aiva nembeu isiri iyo maari, mbeu yenyoka. Kushita kwenyoka kwakanga kwarira pamusoro pake, nokuti akanga ari mbeu yemudzimai. Aiziva kuda kwaMwari kwakakwana, asi akaramba kukuita. Manga muchizviziva here izvozvo? Satani anoziva kuda kwaMwari, asi anongoramba kukuita.

¹⁸¹ Cherechedzai, akanga aona Mwari vachisimbisa Mharidzo yaAbheri. Iye zvino ndinoda kuti mufunge, shandisai Sefa yenyu yemunhu anofunga zvino kweminiti. Mharidzo yaAbheri yaive chaiyo, iyo yakasimbiswa naMwari kuti yaive Chokwadi! Muri kuona here zvino? Uh-huh. Mharidzo yaAbheri yakanga yagamuchirwa, uye Kaini akazviona ndokuziva kuti Mwari vakanga vasimbisa mharidzo kuti yakanaka. Asi haana kungogona kuzviita. Kuzvikudza kwake kwakamudzivisa kwazviri. Ndizvozvo chaizvo, kuzvikudza kwake kwakamutadzisa kuti azviite. Akaona Mwari vachisimbisa mharidzo.

¹⁸² Saka zvinoita sokunge iye zvino, zvakaomera vanhu zvikuru kuzvininipisa kuShoko raMwari. Ivo, havatongodi kuzviita. Vanozvininipisa kuchitendwa chechechi, chokwadi, asi kwete kuShoko raMwari.

183 Kana uchida kuzviwana, unoenda . . . ndine Magwaro pano, ndiwo andiri kutaura nezvawo pano. Genesis 4:6 ne 7, Mwari vakati kuna Kaini, ndokuti, “Seiko chiso chako chadonha? Seiko wakazara nehasha, uchifamba kwese-kwese? Uchangobva mukunzwa mharidzo yakukanganisa.” Ndokuti, “Zvakanaka, ko uri kuzviitireiko? Sei chiso chako chawira pasi, nokuda kwekuti handina kuuya kucheche kwako? Saka sei wazviita?”

Uri kushandisa here Sefa yemunhu anofunga? Maona?

184 Kana kuti, “Ko sei usina . . . Ko sei uri kuratidzika zvakadar?” Ndokuti, “Kana ukaita zvakanaka, enda unoita zviri kuitwa nemunun’una wako kunze uko, ndichakugamuchira nokukuropafadza. Ndichakuitira chinhu chimwe chetecho.” Asi haana kungogona kuzviita. Akati, “Iye zvino, ukasadaro, chivi chekusatenda chiri pamukova.”

185 Zvino pavanotiudza, “Mazuva ezvishamiso akapfuura,” vanoona zvichinyatsosimbiswa nokuratidzwa, muri kuona, zvinhu zvose izvo Mwari vakavimbisa kuti Vaizoita mumazuva okupedzisira, aZvakazarurwa 10 naMaraki 4, zvinhu zvose izvi zvakanyatsosimbiswa zvakakwana, dambudziko nderipi, hama? Chii chanetsa, munoona?

186 Kana vakasazviita; kusatenda, kunova ndiko chivi. Panongori nechivi chimwe chete, kunova, kusatenda. Ndizvozvo chaizvo. Haupomerwe mhaka nokuti unonwa, kuputa, kutsenga, kupfeka zvikabudura, kuita zvose zvaunoita. Kwete, hazvikupomere izvozvo. Nokuda kwekuti hautendi. Dai waitenda, hauiti zvakadar. Maona? Mutendi haaiti zvakadar. Anotora Sefa yemunhu anofunga, munoona, munoona, kana kuti Sefa yemudzimai anofunga, chero ipi yacho. Zvakanaka. Asi, muri kuona, chivi chiri pamukova.

187 Zvino cherechedzai zvazvakaita kuna Kaini, uye zvichange zviri zvimwe chete nhasi. Zvakaita kuti Kaini aende, ari mutadzi nebwoni. Akarega kuteerera nebwoni. Munhu wese achange akadar. Akarega kuteerera nebwoni mushure mokunge aona mharidzo yaAbheri yanyatsosimbiswa naMwari, kuti yaive yechokwadi, zvino ndokuramba kuzviita. Ndokuita zvimwe chetezvo. Zvadar akayambuka muganhu unopatsanura.

188 Pane muganhu waunogona kuyambuka. Munozviziva izvozvo, handiti? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino, vashumiri, vose vari pano nevari kunze munyika ye—yefoni kuri kuuya nhepfenyuro ino munyika yese, munozvicherechedza here izvozvo? Kana uchizviona kuti iGwaro, uye worega kuzviita, Mwari nguva dzose havazo . . . Vacha . . . O, unoenderera mberi, ugoropafadzwa. Ndizvo zvaive zvakaita mumwe nomumwe weIsraeri, vakagara chaimo murenje, ndokurera vana, zvirimwa, ndokuropafadzwa, nezvose, asi “mumwe nomuwe wavo akapatsanurwa kubva kuna Mwari zvemunaZiendanakuenda.” Jesu akataura kudaro. O,

hongu, Mwari vanoramba vachikuropfadza, asi wakatoparara. Zvirokwazvo. Ndizvo zvinotaurwa neBhaibheri zvino, ndizvo zvaAkataura. Cherechedzai, unokwanisa kudarika muganhu wepakati. Munozvitenda here izvozvo? ["Ameni."] Kaini akazviita.

¹⁸⁹ Ngati—ngatingozarurai pano kweminiti, ndine vaHebheru 10:26. Regai tione kana ndikagona kupawana nokukasika. Bhuku ravaHebheru, chitsauko 10 ne...ndinotenda, ndima 26. Ndinazvo ndakazvinyora pano. Mirai zvishoma, kana mukangotsungirira neni, zvino regai ndingoIverenga kwechingvana. Zvakanaka, hepanoi apa.

*Nokuti kana tichitadza nebwoni kana ta...
gamuchidzwa zivo yezvokwadi, hakuchine chibairo
pamusoro pechivi,*

*Asi kungomirira tichitya kutongeswa nokutsamwa
kunopfuta moto, kuchapedza muvengi.*

¹⁹⁰ Iyi iZVANZI NESHOKO RAMWARI DZVENE. Kana tikapokana nebwoni mushure mokunge taRiona nokuRinzwa, zvadaro tave mhiri kwemuganhu. Hapazombova neruregerero zvakare nokuda kwazvo, wayambuka muganhu.

"O," unoti, "Mwari vachiri kundiropafadza." O, hongu.

¹⁹¹ Rangarirai Israeri, vepamuganhu. Mwari paVakavapa vimbiso, uko mhiri kuNyika Tsvene; munyika, yakanga yakanaka, yehuchi nemukaka. Paya apo Mosesi paakatuma Karebhi naJoshua, nevatsori, kuti vaende ikoko kunotsora nyika, uye ndokudzoka vaine humboo hwakasimbiswa.

¹⁹² Gumi vavo vakati, "Hatigoni kuzviita. Hatikwanise. Onai zvimhingamupinyi zviriko. Tinozova mipengo. Tinongori netwunhu tuduku utwu tweekurwa natwo. Onai zvavainazvo. Izu, hatikwanise kuzviita. Hatitombogoni kuzviita."

¹⁹³ Joshuwa naKarebhi vakati, "tinokwanisa nokupfuurira kuzviita! Mwari vakaita vimbiso yacho."

¹⁹⁴ Uye, rangarirai, vakadzokera. Paiva paKadheshi-bhanea. Zvino vakadzokera ndokubva vava varitairi murenje. Zvino mumwe nomumwe wavo akafa, uye akarasika zvemunaZiendanakuenda. Jesu akataura kudaro.

¹⁹⁵ Usayambuke muganhu uyu wepakati, munoona. "Kana uchiziva kuita chakanaka, zvino worega kuchiiita, kwauri chivi."

¹⁹⁶ Israeri yakaita zvimwe chetezvo. Mushure mokunge vaona Mosesi asimbiswa, zvino ndokurega Bharami achivapfapfaidza, Mbeu iya yakakosha yakasimbiswa. Mufudzi, rega (kumbofa) wataura chimwe chinhu chinopesana neShoko rino. Tarirai kuna Bharamu, aiva muporofita, uye akaona Mbeu yaMwari ichisimbiswa. Asi pasi pesangano rake guru raagira mariri, Moabhi yakaona boka revaritairi ava vachiuya nemunyika, akaripfapfaidza, ndokuti, "Zvakanaka, mirai zvishoma. Tose

tiri Makristu. Tose tiri vatendi. Handiti, madzibaba edu nemadzibaba enyu vamwe chete. Hatisi here vana vaRoti? Ko Roti akanga asiri here mwana wemunun'una waAbrahama? Hatisi vamwe chete here? Ngatirooreranei pakati pedu.” Zvino Israeri, saEvha mubindu reEdheni, akarega Satani achimupfapfaidza, akapfapfaidzawo Israeri kubudikidza nemuporofita wenhema. Apo, muporofita wechokwadi akanga ainavo, aine Shoko rakasimbiswa. Asi kubidikidza nekunzwisisa kwezivo yavo yenjere, akavapfapfaidza. Pafungei ipapo. Zvino, havana kumbozviregererwa, chivi hachina kumboregererwa.

¹⁹⁷ Mbeu dzakawora dziri chaimo mugwara rebasa, munzira yokuenda kunyika yevimbiso. Mumwe nomumwe wavo akafa ndokuwora, chaipo ipo pachechi, mugwara rebasa, vachitevera Mwari. Uye ndokurega Satani achipfapfaidza nepfapfaidzo iya yenjere pavari, dzidzo, kunzwisisa kwenjere, achiti, “Handiti, tose takafanana, tose tiri vana vaMwari.” Hamusi! Asi akarega mudzidzisi wenhema uya achivapfapfaidza nenzwisiso yenjere iya yaaiva nayo yezvaRo.

¹⁹⁸ Uye sezviri kuitwa neecumenical Council iye zvino, munoona, chinhu chimwe chete, “Handiti, tose tichabatana musangano rimwe chete guru.” Hurongwa hwenyu hwese hwemasangano ndehwadhiyabhore. Munembo wechikara, muBhaibheri. Ndichava nebhuku pamusoro pazvo, nenguva isipi, Ishe vachida.

¹⁹⁹ Cherechedzai, munguva yaNowa, tichiona Shoko richivakwa, kuenda pamusoro pemvura. Iye zvino regai ndiite chitaurwa chidiki pano, Shoko richiiswa pamwe chete kuti rigoshandurwa kubva pasi kuenda mumatenga. Kuona chimiro chechinhu ichi; asi nenzwisiso yavo yenjere, vakaseka pamberi pemuporofita, Noa, paakanga ari kuporofita nezvenguva yekuguma. Asi chii . . . Chimiro chacho chakagadzirwa neShoko raMwari, ndokuiswa namo mukati nekunze, nemunamato nokutenda. Zvino mvura padzakauya, kwese kunzwisisa kwenjere kwezvekunamata kwakafa ndokuworera chaimo mukati . . . mumachechi avo chaimo, chaipo panyika. Zvino areka yakafamba nepamusoro pazvo zvose. Mbeu dzose dzakapfapfaidzwa nesainzi dzakaorera mukutongwa.

²⁰⁰ Ko tiri kuedza kuitei, zvino, tiri kuedza kumisa kereke yedu here kana kuti tiri kuedza kumisa Shoko raMwari? Ko tiri kuedza kuitei? Chii chatiri kushanda pachiri? Tiri kuedza here kudzosa vanhu kune iRi? Ko Evha mukuru uyu ari kuedza kuita sei pano mumazuva ano ekupedzisira, kereke iyi Evha?

²⁰¹ Ndave kuchifanira kumira iye zvino, hama, nokuti ngu—nguva yave kupera. [Imwe hama inoti, “Endererai mberi!”—Mupepeti.] chingondipaiwo mamwe maminiti anenge gumi nemashanu, zvino ndichazomira paMagwaro angu—angu pano. [“Zvirokwazvo, endererai mberi.”] Hongu. Zvakanaka.

Ndinoziva. Zvakanaka, pamwe vanhu vanoda kuuya muno kuzochenesa nzvimbo ino. Asi ndiri kungoita sokunge zviri kundiomera kuti ndimire. [“Ingoendererai mberi.” “Zvakanaka, hapana chokumhanyira.”] Ndichakurumidza. Zvakanaka.

²⁰² Onai, Evha mukuru wesainzi, dzidzo, wemasanganiswa nhasi, anonzi kereke, chii chaari kuedza kuita? Ari kuedza here kusimudzira Shoko raMwari, achirega vanhu vachiita nemaitiro avari kuita? Havasi kushandisa Sefa yemunhu anofunga, kana, Sefa yaMwari. Onai zvavari kugadzira. Vari kuzvisimudzira pachavo. Kereke iri kudaro, mumbeu yayo yakatsveyama yehurongwa hwezivo, zvakonzera kuti rudzi rwese rwushaiwe zivo yeShoko raMwari kubudikidza nesainzi. Zvino ndave kutora zvitaurwa zviya, ndichabaturira kwazviri zvino kwenguva refu kwazvo zvino, kuti ndipedze. Havazive nokuda kwesainzi! Apo Mwari, pano chaipo panyika, vachiita zvinhu izvo zvaVari kuita, neShoko raVo rakavimbiswa, zvino havaite hany’ a naRo vanobva vachienda nokuti havazive kubudikidza nesainzi. Kusaziva kubudikidza nesainzi!

²⁰³ Ndanga ndiri kunyemwerera pano nokuda kwaHama Williams pano, vanyora pano pachimedu chebepa, “Munogona kugara pairi masikati ose,” zvimwewo. Asi, ndinozvikoshesa, zvakaivonaka kwazvo. Maona?

²⁰⁴ Asi vanhu va—vari kutadza nebwoni. Zvaunza hurongwa hwe—hwese hwekereke yemunyika nhasi pakutadzira Mwari nebwoni. Handiti, kungozvibatawo zvakanaka zvamazuva ose kunoratidza kwaari kuti ndeRechokwadi. Zvakanaka. Chifukidzo cheruchiva chakapofomadza meso ake, kuShoko raMwari, zvino anozviwana asina kusimira zvakare. Munoziva, Mwari, munaZvakazarurwa 3, vakati, “Uya, utenge mafuta ekuzodza meso kubva kwaNdiri, kuti meso ako azaruke.” Munoono, mafuta ekuzodza meso iShoko raKe.

²⁰⁵ Munoziva, vanoti, “Zvakanaka, murume uyu akadzidza kwemakore makumi mana, kuti awane madhigirii ake. Iye ane B.L.D., D.D., nezvose izvi.”

²⁰⁶ Munoziva zvakataurwa naJesu pamusoro pazvo? Akati, “Regai munhu azvirambe pachake.” Pauro akazviita.

Unoti, “Hazvireve izvozvo.”

²⁰⁷ Ko, sei Pauro akataura nezvazvo, zvino? Akati, “Handina kumbouya kwamuri nemashoko anonyengera ehuchenjeri hwevanhu, nokuti munozovakira tariro yenyu ipapo. Asi ndakauya kwamuri musimba nokuratidzwa kweMweya Mutsvene, kuitira kuti shoko renyu rigo...kutenda kwenyu kugovakirwa paShoko raMwari, kwete kuratidzwa kwehuchenjeri.”

²⁰⁸ Zvinoita sokunge vanhu varasikirwa nehunhu kwahwo pamwe nokutsiga. Havachisiri sezvavaimbova. Zvaisitika kuti, mupurofita akati, “ZVANZI NAJEHOVHA,” vanhu vadedera.

Hongu, vaizviita zvirokwazvo. Vanhu vaibatikana, nokuti vaitya. Asi iye zvino varasikirwa nokutya kwaYo kwese. Havatye Mwari.

²⁰⁹ Soromoni akati, “Ku—kutya Mwari ndiwo mavambo ehuchenjeri,” kungotanga kwacho chete.

²¹⁰ Asi muporofita anokwanisa kutaura ZVANZI NAJEHOVHA; vanhu voti “mahara ayo!” Munoono, hapana kana tariro kwavari. Ivo, vanoti, “Handiti, takangwara. Tiri vananyanjere, hatisungirwe kutora zvinhu zvakadaro! Tinoziva zvatiri kutaura!”

²¹¹ Uyewo chirevo chakare, chokuti, “Mapenzi anofamba negogodo, panotyiswa kufambwa napo neNgirozi.” Zvirokwazvo.

²¹² Zvino, chii kushandurwa? (Nokukasika.) Tinokuwana sei? Chii chinounza shanduko? Mwari vanoziita neMweya weShoko raVo. Vanoshandura. Vanodyara Mbeu yaVo, vokandira Mweya waVo paIri, zvino Inobereka muchero. Mweya waVo Mutsvene unoshandura Mbeu Shoko kuti iratidzwe iri yerudzi rwayo.

²¹³ Mhando yembeu yauri, inoratidza chaizvo zviri mauri. Haukwanise kuzvivanza. Chero zvauri mukati, zvinoratidzwa kunze. Haukwanise kubva pazviri. Haukwanise kuita kuti muti uyo uve chimwe chinhu kunze kwezvauri. Munoono, u—uchange wakadaro. Mweya Mutsvene unoshandura mbeu dziri mukati mawo. Hazvina basa kuti imhandoi yembeu, Unoishandura. Kana yakaipa, inobereka chakaipa. Kana iri munyengeri, inobereka munyengeri. Kana riri Shoko raMwari rechokwadi, rinobereka mwanakomana kana mwanasikana waMwari wechokwadi, kubudikidza neSefa yemunhu anofunga. Kana Mbeu ichinge yabuda, inouya naImomo, Inobereka mwanakomana kana mwanasikana waMwari.

²¹⁴ Rimwe zuva nyika iri mukati murima renyonganyonga, Mwari . . . Iye zvino nyatsoteereresai, nokuti hatisi kuzotaura . . . kwekanguva kakati rebei zvisoma. Tarirai. Rimwe zuva apo nyika yakanga iri mukati memhando dzose dzezvinamoto, kugeza mawoko, mapoto, kupfeka hanzu dzakasiyana nenguwani, nezvimwe zvakadaro, yaive iri pakati penyonganyonga huru. Israeri yechokwadi yaMwari yakanga yatsveyamiswa kwazvo kubva pamurawo nedzidziso dzaMwari, Jesu akati, “Imi, netsika dzenyu, munoita kuti Shoko raMwari rishaye simba kuvanhu, netsika dzenyu.” Zvino tarirai vaprisita vava vatsvene, zvavanovadana; zvino Jesu akati, “Muri vababa venyu, dhiyabhore, uye mabasa ake munoaita.” Munoono, ndizvo chaizvo zvaAkataura.

²¹⁵ Zvino nyika payakanga iri muchinhano chakaomarara zvakadai, Mweya waMwari wakafamba zvakare pamusoro peMbeu yakanga yakatemerwa. Akazadzikisa ndokushandura Isaya 9:6 pavimbiso yaYo; iVo, Mwari, vakagadzirwa munyama yemunhu, kuti vaponese nyonganyonga yenguva iyoyo. Munhu

paakagadzirwa ari mumufananidzo waMwari, hepano panouya Mwari, nemuporofita achifanozviona...Zvino rangarirai Shoko, muporofita akafanozviona, angori iye muporofita mumwe chete akaona Satani mumazuva ano okupedzisira, munoono, ehurongwa hwedzidzo nezvinhu zvaainazvo, hurongwa hwezvinamoto. Muporofita mumwe chete, Isaya 9:6, akati, “Nokuti kwatiri takazvarirwa mwana, takapiwa Mwanakomana; uye Zita raKe richanzi ‘Gurukota, Muchinda weRugare, Mwari Samasimba, Baba voKusingaperi.’ Uye humambo hwaKe hauna magumo.” Zvino Shoko iri iShoko raMwari. Zvino Mweya wakafamba pamusoro peShoko iri, zvino Iro ndokuumbwa mumimba yemhandara; Murume, “Mwanakomana anozvarwa,” kwete kusikwa, “kuzvarwa.”

²¹⁶ Satani akaedza ndokuedza zvakare, kuIpapfaidza. Akaenda naYe kumusoro ndokuti, “Kana Uri zvaUnotaura kuti Uri, zvino chindiitirawo zvimwe zvekupodza zviya pano. Ndiratidze kuti Unogona kuzviita sei. Shandura ichi, chingwa, aya matumbo kuti ave chingwa. Rega tiKuone uchisvetukira pasi kubva mudenga, nokuti Gwaro rinoti Uchazviita.”

²¹⁷ Munoono madhimoni ezvinamoto nhasi achiri kungotaura chinhu chimwe chete? “Kana paine chinhu chinonzi kupodza kwaMwari; hepanoi pakarara Hama *Nhingi-nhingi*, regai tikuone uchivapodza.”

²¹⁸ Dhiyabhore mumwe chete akamira pana Jesu, pamuchinjikwa, ndokuti, “kana Uri Mwanakomana waMwari, buruka kubva pamuchinjikwa.”

²¹⁹ Shoko rakati Aive Mwanakomana waMwari. Mweya ukaratidza kuti Aive Mwanakomana waMwari. Isaya 9:6 yakazadzikiswa. Zvino pane umwe usiku, vazhinji venyu vari panhepfenyuro makanzwa kuti takapa Magwaro makumi matanhatu neanoraudzira, potse, ndinotenda, pamusoro pokuratidza kuti Gwaro rakataura kuti Aive iYe.

²²⁰ O, Satani akaedza ndokuedza zvakare, kuita zvose. Umwe usiku, arere kumashure kwechikepe, akaMuona arere. Zvino ndokuti, “NdichaMuparadza izvozvi.” Asi akatadza.

²²¹ Akazama kuMuedza kuti Aite chinhu chisina kufanira, asi akatadza kuzviita. Sei? Akanga apfapfaidzwa nemushonga unodzivisa wekufanotemerwa. Haigone kunyengerwa. Kwete, kwete. Shoko rakati Achange ari pano. Amen. Hapana kana dhimoni richaMunetsa, uye hapana mumwe mwanakomana waMwari, akatemerwa kuti atore nzvimbo yake. Akapfapfaidzwa nemushonga unodzivisa. Chepfu yaSatani, vanachiremba vemasangano havatomboMubati zvachose. Anofamba achienda mberi, hapana chiri kuzoMunetsa, munoono. Zvakashaya basa paAri.

²²² “Zvakanaka, ndichaKuita mubhishopi wepasi rose. Ndinoitonga yose. Kana Ukangondinamata, wouya wobatana

neboka rangu, ndicha—ndichaKuita mutongi. Ini ndichasiya chigaro, ndoKukwiridzira.”

²²³ Akati, “Ibva kwaNdiri, Satani. Zvakanyorwa zvichinzi, ‘Uchanamata Mwari, Shoko, uye iYe oga ndiye wauchashumira.’” Zvino rimwe zuva . . .

PaMunhu mukuru uyu, ndinoda kumbogara ipapo kwechinguva.

²²⁴ Asi rimwe zuva, Mweya wakafamba paAri zvakare; nokuti pakanga paine rimwe Shoko rakanyorwa nezvaKe, rakabva kuna Mwari, nemumuporofita, “Akatingamirirwa kuchibairo, segwayana.” Zvino Mweya wakafamba paAri, ndokuMutungamira, ndokuMutumira kumuchinjikwa weKarivhari. Ipapo Akafa. Uye zvose zvakataurwa nezvaKe murufu rwaKe, zvakazadzikiswa, kuunza Chiedza neUpenyu kuMbeu dzose dzaMwari dzakatemerwa dziri panyika. Akaunza nzira yekuzviita. *Heinoi* Mbeu, Mweya unounza Upenyu; zvichishandura vanakomana nevanasikana vaMwari, kubva munyika iri murima renyonganyonga, kuva vanakomana nevanasikana vaMwari.

²²⁵ Musagumburwa neshoko rokuti “kutemera.” Ndinoziva kuti munodaro. Asi, teerera, harisi shoko rangu. Rimwe reMashoko aMwari. Munoda kuriverenga, verengai vaEfeso 1:5, iyo, “Akaitemera kare kuti tiitwe vanakomana kubudikidza naJesu Kristu.” Maona?

²²⁶ Regai ndizvipamure kwechinguvana, kwechinguvana, kuzvipamura kubva mupfungwa yenyu. Onai. Sezvawaive uri muna baba vako, pakutanga, mbeu yechizenga. Manga muchizviziva here izvi, mumwe nomumwe yenyu? Wakanga uri muna baba-vababa-vababa-vasekuru vako, zvakare, manga muchizviziva here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

²²⁷ Verengai Bhuku revaHebheru, apo patinoona kuti Revi akabhadhara chegumi paakanga ari muchiuno chaAbrahama, zvizarwa zvina zvekumashure kwake. Apo Abrahama akabhadhara chegumi kuna Merkizedheki, zvakanzi vakaitwa nemwana-wemwana-wemuzukuru zasi kwake, uye akanga ari muchiuno chaAbrahama. Hezvoka izvo. Maona?

²²⁸ Wakanga uri muchiuno chababa vako, asi baba vako havaikwanisa kuyanana newe kusvikira washandurwa wave mumutumbi wenyama.

²²⁹ Mwanakomana wangu uyo akanga ari mandiri. Nda—nda—nda ndaida mwanakomana, asi akanga ari mandiri ipapo. Maona? Akanga ari mandiri panguva iyoyo. Asi kubudikidza nemuchato, akashandurwa akava semurume akafanana neni, zvino akabva ava seni.

²³⁰ Zvino unofanana nevabereki vako, munoona, nokuti zvakanga zviru mauri, kubvira pakutanga. Zvino kana tiri

vana vaMwari, zvizenga zvaKe. . . Sezvo, uri chizenga chababa vako, kwete amai vako; baba vako. Chizenga chinogara muna baba. Maona? Uye zvino amai vako vangova chirindiriro chakakutakura, kutakura mbeu yababa vako. Maona?

²³¹ Uye nyika, panyama, ndicho chirindiriro chinotakura mbeu yaMwari. Munoono, chaizvoizvo. Kwete nyika, kuti nyika yakakura sei; ndezvekuti akakura sei Mwari akaigadzira. Maona? Maona?

²³² Zvino kana uri mwanakomana nemwanasikana waMwari, saka wakanga uri muna Mwari pakutanga. Uri chizenga chaKe. Kana wakanga usiko ipapo, saka wakanga usipo kana kuti hauzombovapo.

²³³ Nokuti, handikwanise kubereka, kubva muchiuno changu, mwana wemurume uyu *pano* kana murume uyo ari *uko*, ndinokwanisa bedzi kubereka vanakomana vangu, uye vanenge vakafanana neni. Hareruya. Muri kuzviona?

²³⁴ Vanakomana nevanasikana vaiva muna Mwari pakutanga. Zvino tarirai. Une Hupenyu Husingaperi, unotaura kudaro. Tinozvitando, kuti tine Hupenyu Husingaperi. Saka, panongori nemhando imwe chete yeHupenyu Husingaperi, zvino ndiMwari. Ndicho chinhu choga chinogara munaZiendanakuenda, ndiMwari. Saka kana uine Hupenyu Husingaperi, hupenyu huri mauri hwagara nguva dzose huripo, uye wakanga uri muchiuno chaMwari kusati kwambova kana nenyika. Zvino apo Shoko pachezvaRo. . . Jesu pachezvaKe anonzi Shoko, uye muna Mutsvene Johane 1, yakati, “Pakutanga kwakanga kuine Shoko, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu.” Ipapo wakanga uri muchiuno chaJesu, uye ndokuenda kuKarivhari pamwe chete naYe. Ukafa pamwe chete naYe, ukamuka pamwe chete naYe. Zvino nhasi tigere munzvimbo dzekuMatenga maAri, takazadzwa neMweya waKe, vanakomana nevanasikana vaMwari. Kufa naYe, kumutswa naYe. Chokwadi.

²³⁵ Zvino saka, zvino, zvino wave kukwanisa kuyanana naYe. Hawaikwanisa kumashure uko, nokuti wakanga ungori Shoko maAri, mbeu. Asi iye zvino Akuratidza, uye zvino Anoda kuti uyanane naYe. Zvino Akauya pasi, ndokuitwa nyama kuitira kuti Agokwanisa kuyanana newe zvakakwana. Munoono kuyanana kwakakwana? O, ini zvangu, izvo zvakavanzika zvakadzika zvaMwari! Zvinoshamisa sei! Munoono, Mwari havaikwanisa kuyanana muMweya, saka Mwari vakava munhu pamwe chete nesu.

²³⁶ Jesu Kristu akanga ari Mwari pachaKe, akararatidzwa, nokuti, Akanga ari Mwanakomana nokuti Akazvarwa, asi yaingove tabhanekeri yokuti Agare mairi. “Hakuna munhu ati amboona Mwari pane ipi hayo nguva, asi uyo Akaberekwa

ari oga naBaba akaMuratidza.” Mwari akazvivakira imba pachaKe, mutumbi wekugara mauri, ndokuuya pasi kuitira kuti mugone kuMubata. Timotio weKutanga 3:16, “Pasina gakava, chakavanzika chehumwari chakakura kwazvo; nokuti Mwari vakaratidzwa munyama, ndokuonekwa neNgirozi, ndokutendwa, ndokugamuchirwa Kudenga.” Munoono? Zvino iYe. . .

²³⁷ Iwe uri nyama, uye iYe ari nyama, saka munogona kuyanana zvino, nokuti Akanga ari chizenga chaMwari cherudo. Mwari rudo. Ndizvozvo here? Uye Jesu akanga ari chizenga chaMwari cherudo. Zvino chizenga cherudo pachakaraidzwa, icho, chaiva Mwari pachaKe; zvole zvizenga zvaive zvakabatirira paAri, zvakauya kwaAri, “Vose vaNdakapiwa naBaba, vachauya kwaNdiri.” Chokwadi, vaifanira kunge vakatemerwa. Dai zvainge zvisina kudaro, unenge usiko ikoko. Ndizvo zvoga. Chokwadi.

²³⁸ Iye zvino tinogona kuyanana, zvaiva kubudikidza ne—nehupfumi hweShoko raKe, uye iro rauri chikamu charo. Uri chikamu cheShoko; nokuti Aiva Shoko pakutanga, iwe uri Shoko iye zvino. Maona? Ndiri kuparidza manheru ano, kana kuti Svondo kana kuti rimwe ramazuva pandinouya, pamusoro pokuti Shoko chii, munoono. Uye zvino uri chikamu cheShoko.

²³⁹ Teererai. Pane chinhu chimwe chete chandisingagone kuita. Handigone kudada nemadzitateguru angu. Kwete, ndakauya nemunyonganyonga yakaiwa kwazvo. Baba vangu vakanga vari muIrish. Amai vangu vakanga vari mudzimai wechiIndia, vari muIndia chikamu chavo chepakati; amai vavo vaiva muIndia, aitambira penjeni. Zvino, vose zvavo, zvidhakwa, vakawanda vavo vakafa vari vaduku, vachirwa, varwi nepfuti, nezvakaro. Hapana chandingadada nacho pane zvakadaro, nokuti madzitateguru angu nedzinza remhuri yangu rakashata kwazvo.

²⁴⁰ Asi, Hama, pane chinhu chimwe chete chandinogona kudada nacho, ndinogona kudada naIshe wangu Jesu uYo akandidzikinura. Uye nesimba raKe rokushandura akadyara mbeu, nokufanotemera, zvino ndakaIona. Ko ndiri mwanakomana waAni zvino? Hongu. Ndinogona kudada naYe. Uye ndapedza makore makumi matatu nematatu ehupenyu hwangu, ndichidada naYe. Kana Akandipazve mamwe makore makumi matatu nematatu, ndichaedza kuwedzera kudada naYe. Maona? Ndinogona kudada naTateguru wangu, hareruya, uYo akandidzikinura uye ndokudyara mbeu yeUpenyu muno *umu*, uye ndokunditendera kutarisa pasi paShoko rino, ndokutumira Mweya waKe ndokuti, “Heuno uYu. Taura *zvokuti*, uye zvichaitika. Ita *zvakati*.” Uye o, ini zvangu, ndinogona kudada naYe! Ko Akazviita seiko? Kubudikidza nokushambwa nemvura neShoko, mvura dzekupatsanura. Ndinoshuva kuti dai taigona kuzvitsanangura.

241 Vatendi vechokwadi vakatemerwa vanogara neShoko nokuti ivo chikamu cheShoko iroro.

242 O, nyeredzi dziri kumbeyambeya, muchasvika rinhiko muchimbeya-mbeya? Imi maMethodisti, Baptisti, Presbyteriani, vekunze, chero zvaungava, nyeredzi dziri kumbeyambeya, uchibva mune imwe chechi uchienda mune imwe chechi, kubva pano woenda kumwe, kubva pane terevhizheni uchienda pane imwe terevhizheni, nyika kune imwe nyika, wadiniko wauya? Anoshuvira kuva nekuyanana newe. Ari kukushuvira. Ari kuda kukushandura nokuvandudza pfungwa dzako, kwete kukereke kana sangano, asi kuShoko raKe, iro, rauri chikamu charo kana chishuwo chacho chiri mauri.

*Vakaropafadzwa avo vane nzara nenyota yekururama:
nokuti vachazadzwa. (Maona? Uh-huh.)*

243 Uye chakatumira simba raKe rokushandura, kuti rikubuditse kubva mukutsveyamiswa kwekunamata kwauri makuri. Munyonganyonga yekutsveyamiswa yatiri mairi, Mwari vakatuma simba raVo rokushandura, Shoko raVo, rakasimbiswa, rikaratidzwa, kuti rikubuditse kubva mukutsveyamiswa kwekusaziva kwekunamata kwauri kufamba makuri, “usina kusimira, bofu, wakasuwa, uye hauzvize.” Pafungei ipapo, vashamwari.

244 Munoziva, Mwari vakatumira simba raVo rokushandura kuti vazadzikise Shoko raVo, zvino ndokushandura mutumbi wese waSara naAbrahama. Kushandura harahwa nechembere, nokuti Vakavimbisa kuti Vaizozviita.

245 Uye Mwari zvavanovimbisa kuita, ndizvo zvaVanoita. Hapana chinhu, chero chinhu...Chero chinhu hacho chakatsveyamiswa, Mwari hapana chavanogona kuita nacho. Asi vanochengeta Shoko raVo, uye Vanotumira Mweya waVo! “Ini Jehovha ndakaidyara. NdichaIdiridza masakati nemanheru, kuda pane vangaIkwachura kubva mumawoko aNgu.” Bhaibheri rinotaura kudaro.

246 O, nyeredzi dziri kumbeyambeya, iwe une chishuwo mumoyo mako! Unofanira kuva nacho, kana kuti ungadai usina kugara muno mangwanani ano. Uye hawaimbova mumachechi nemaodhitoriyamu aya, nemuzvinhu zvauri mazviri, kunze nekweise munyika, kana Chimwe chinhu chisina kukuunza ikoko. Mumwe munhu akataura newe. Usaende mberi. Pane kushambwa nemvura neShoko, kunokuita kuti uchene semazaya echando. O, vanakomana vaMwari, teererai! Usagara mukutsveyamiswa uku. Buda makuri. Abrahama akatenda Mwari, ndokudana chose chinopesana . . .

247 Unoti, “Ko ndingazogona sei kuzviriritira? Ko ndingazoita sei *zvakati?*” iroro ibasa raMwari. “Ko ndingazoita sei? Vandinowadzana navo vanozondisiya ndoga.”

248 Mwari vakati, “Uyo achasiya baba vake, amai, mudzimai, murume, misha, dzimba; Ndichavapa misha nedzimba, Ndichavapa vanababa navanaamai, nevakoma nehanzvadzi, munyika ino, neHupenyu Husingaperi munyika iri kuuya.” Ivimbiso, shamwari. Iyoyo, o, inofanira kudiridzwa! Vimbiso yose inoitwa naMwari inozadzikiswa. Mbeu yose yaMwari ivimbiso.

249 Uye, hanzvadzi, chirega kugera vhudzi iro, nokuti chinhu chisina kufanira pamberi paMwari. Chirega kupfeka hanzu dziya, dzinonyangadza pamberi paKe!

250 Imi hama, imi varume, chiregai kuona nezvemasangano aya, pamunoita zvinhu, uye nokurega madzimai enyu achiita zvinhu zvakadaro. Hazvina kufanira kuMakristu.

251 Dzokai kuShoko! Torai Shoko iro, Richakura. Rinofanira kukura. Simba raMwari rokushandura rakamboRiunza pakutanga, Angori munzira yaKe ari kudzoka, kuzoRitora zvakare zvino. Ari kudzokera uko chaiko kwaraimbova.

252 Enoki akashandurwa, kubva kurufu, nesimba raMwari rokushandura. Ko Mwari vakazviitireiko izvozvovo? Kuti uve mufananidzo weKereke ichabvutwa iyo iri kuuya. Hongu. Eria aiva zvimwe chetezvo.

253 Mutumbi waJesu wakamutswa mushure mokunge wafa. Uye muguva, mutumbi waJesu wakamutswa neShoko raMwari; ndokushandurwa, kubva pachimiro chakafa, chakatonhora, kuMwanakomana waMwari akamutswa, akabwinyiswa. Nokuti muporofita, Mapisarema 16:10, kana muchida kuinyora pasi, 16:10, yakati, “Handisi kuzosiya mweya waKe mugehena, kana kurega Mutsvene waNgu achiona kuwora.” O Mwari!

254 Shoko iroro rinofanira kuzadzikiswa, Iro iShoko raMwari! Ridzare mumoyo mako, kana uchida kuenda muKubvutwa. Kana muchida kuva Makristu echokwadi, isai Shoko iri. Sokutenda kwandinoita kuti aiva Ezekieri, Mwari vakati, “Tora bhuku iro uridye,” kuitira kuti muporofita neShoko vagova chinhu chimwe chete. Uye vimbiso yose iri imomo inofanira kuzviratidza, nokuti iMbeu yaMwari yepakutanga. Usarega mumwe mudzidzi webhaibheri akafunda kuti aIpombe ichibuda mauri. Usamurega achikupfapfaidzai nesainzi nezivo nedzidzo zvepanyama, nedzidzo. Tenda Mwari!

255 Abrahamama haana kutora kunzvera kwesainzi kwezuva rake, kuti, “Ndachemberesa zvokuti ndive nemwana, pandave zvino hazvichaita. Ndakaita *zvakati*, *zvokuti*, *nezvokuti*.” Asi akadana chinhu chose chaipesana, neShoko raMwari, sokunge chaisavapo. Uye haana kudzedzereka pavimbiso yaMwari, kubudikidza nokusatenda; asi aive akasimba, achipa Mwari rumbidzo. Aiziva kuti Mwari vaikwanisa kuita izvo zvaVakanga vavimbisa.

256 O, vanakomana vari kumbeyambeya, vakatsveyamiswa nesora rinotandavara renyika ino! Hanzvadzi dziri

kumbeyambeya, idzo nzvimbo nemafashoni enyika ino zvakutorai! Uye, hanzvadzi inodikanwa, unogona kufunga kuti ndiri mupengo wakare, asi rimwe remazuva ano pauchasangana nechakasangana naFlorence Shakarian pane umwe usiku; akagarawo mukamuri ino, zvakare, munzvimbo ino, sokuziva kwenyu. Kana uchinge wasangana naizvozvo, uchaona kuti, handini, asi kuti Shoko iri ndere chokwadi. Garai kunze kwemabhabhashopu, nezvitoro zvemafashoni. Garai kunze kwezvinhu izvozvo.

²⁵⁷ Unoti, “Ko sei musingavadzidzise zvinhu zvikuru, kuti vave *zvakati*?” Ingotanga nemaABC ako, zvarado tozouya kualgebra. Maona? Ingotanga kudzidza, “Ndiko kushumira kwenyu kune basa.”

Naizvozvo ndinokumbira zvikuru kwamuri, hama dzangu, netsitsi dzaMwari, kuti imi muise miviri wenyu chive chibairo chipenyu, chitsvene, uye chinofadza Mwari, ndiko kushumira kwenyu kune basa.

²⁵⁸ Iwe ingoita “kushumira kwako kune basa,” Mwari vachazova nehany’n’a nezvimwe zvose zvasara; munoona, kungoshandisa pfungwa pazvinhu zvaunogona kufunga nezvazvo uye ugozviita. Handizvo here kuti...Hazvisi here zvisina kukwana kuti mudzimai akurure nguwo dzake, uye oenda kunze uko zvino oita zvakadaro, apo Bhaibheri rinozvitsiura? Hazvisi here zvisina kukwana kuti murume azvikandire muchitendwa sechatinacho nhasi, nezvinhu zvose izvi pano, nezvinhu zvose izvi zvekuseminari, nezvinhu zvakadaro, apo zvichinyatsopesana neShoko raMwari? Maona?

²⁵⁹ Miromo yaIsaya, aingoriwo munhu wamazuva ose aiva nemiromo isina kuchena. Akati, “Ishe, ndiri pakati pevanhu vasina kuchena, uye ndine miromo isina kuchena. Ndine nhamo nokuti ndaona Mwari.” Zvino imwe Ngirozi yakaburuka pasi, ndokutora Moto, Moto Mutsvene kubva paartari yaMwari, ndokushandura miromo yake; kubva pamiromo yemunhu airtaira, kuva miromo yemuporofita aive neZVANJI NAJEHOVHA. Simba raMwari rokushandura!

²⁶⁰ Varume varedzi zana nemakumi maviri, ne—nevatengesi vaduku vehanzu, vechidzimai, naivavo vakaungana pamwe chete muimba yepamusoro uye ndokuvhara mikova, vamwe vavo vasina dzidzo yakakwana yokukwanisa kusaina mazita avo. Mwari vakavashandura kubva pakuva varedzi, kuva varedzi vevanhu; kubva kuva varume nemadzimai emumugwagwa, kuva vatsvene vaMwari, vasingafi. Simba raMwari rokushandura!

²⁶¹ Pauro, nhengo yepachechi, Presbyteriani, Methodisti, Baptisti, muPentekosti, kanawo zvimwe; akaenda achidzika nemugwagwa, aine mweya wake mukuru wekupikisa uri maari, wokuti aiziva kudarika vamwe vose. Akanga auya ari pasi paGamarieri, mumwe wevadzidzisi vaigonesesa vaive munyika.

Chii chakaitika panzira yake yekuDhamasiko, kuti atore boka revanhu vakanga vari kutenda Shoko raMwari? Ari panzira yake yokuenda ikoko, akaroverwa pasi, uye ndokunzwa Mharidzo. Zvino Yakamushandura kubva kuva nhengo yechechi nemunhu anoenda kuchechi; kuva muporofita waMwari, uyo akanyora Shoko raMwari, muTestamende Itsva. Kubva kuva nhengo yechechi kuva mutsvene!

²⁶² O, nyeredzi iri kumbeyambeya, ngatimirei. Mwanakomana airi kumbeyambeya, Mbeu iri kumbeyambeya iri kufamba ichibva pane ino nzvimbo ichienda kune imwe, mukutsveyamiswa uku; tendeukai, mangwanani ano, vana. Ndapota ndinzwei se—semunhu ari kuedza kumira pakati pevapenyu nevakafa.

²⁶³ Kunze uko munyika uko kuri kuuya nhepfenyuro iyi kana muchiri pamafoni, iwe uri kumbeyambeya munzvimbo, ndapota chimbogara kwechinguvana. Ndinoziva kuti nguva yapera kuno kuTucson kana, ndine urombo, Phoenix, dzave twenty minutes twelve dzisati dzasvika. Uye ndava nevanhu ava pano mangwanani ose. Ndakuitai kuti munge musiri kumabasa enyu nezvimwe. Asi tarira, shamwari inodikanwa, unogona kuzova kure naMwari nokusingaperi. Ndapota dzoka mangwanani ano. Haungadaro hare? Pane nzvimbo paTsime.

Muchidyiro kare-kare, ndinoziva kuti ndizvo chaizvo,
Mwana akazvarwa kuti aponese vanhu kubva kuchivi.
Johane akaMuona pamahombekombe,
Gwayana rokusingaperi,
O, Kristu, Nyakurovererwa wepaKarivhari.
O, ndinoda Murume uya wekuGarireya,
wekuGarireya,
Nokuti Akandiitira zvakawanda kwazvo.
Akaregerera zvivi zvangu zvose, ndokuisa
Mweya Mutsvene mukati;
O, ndinoda, ndinoda Murume uya
wekuGarireya.

Muteresi akaenda kunonamata mutembere uko rimwe zuva,
Akachema, “O Ishe, ndinzwireiwo ngoni!”
Akaregererwa chivi chose, uye rugare rwakadzama ndokuiswa mukati;
Akati, “Uyai muone Murume uyu wekuGarireya.” Ndizvozvo.

Zvirema zvakaitwa kuti zvifambe, mbeveve dzikaitwa kuti dzitaure,
Simba riya rakataura nerudo pagungwa;

Mapofu akaitwa kuti aone, ndinoziva kuti
dzaingori bedzi
Tsitsi dzeMurume uya wekuGarireya.

264 Zvifananidze izvozvo neshumiro yanhasi.

Mudzimai uya patsime, iYe akamuudza zvivi
zvake zvose,
Kuti aiva nevarume vashanu panguva iyoyo.
Akaregererwa zvivi zvose, uye rugare
rwakadzama ndokuiswa mukati;
Akadanidzira, “Uyai muone Murume uyu
wekuGarireya!”

265 Mudzimai, Anokwanisa kuita zvimwe chete. Averenga moyo
wako mangwanani ano. Murume, Averenga moyo wako. O,
muteresi, ngatinamatei!

O, ndinoda Murume uya wekuGarireya,
wekuGarireya,
Nokuti Akandiitira zvakawanda kwazvo.
Akaregerera zvivi zvangu zvose, ndokuisa
Mweya Mutsvene mukati;
O, ndinoda, ndinoda Murume uya
wekuGarireya.

266 HamungaMudewo here, pamwe neni, mangwanani ano?
O, mutadzi akatsauka, ari kumbeyambeya, pano kana kunze
uko kwaunogona kunge uri, haungagamuchire Ishe wangu here
mangwanani ano? Ndiye Shoko, zvino Shoko raunzwa kwauri.
HaungaMugamuchire here mangwanani ano? Chingosimudza
mawoko ako kana kumira netsoka dzako, kanawo zvimwe,
uchinamata, uchiti, “Ndinoda kuMugamuchira iko zvino.
Hama, ndakagadzirira. Ndiri kuda iye zvino kuMugamuchira.”
Ungasimukawo here netsoka dzako, chero ani hake anoda
kunamatirwa, uye ugoti, “Ndiri...” kunamatirwa, waro,
“Ndiri mutadzi. Ndiri kuda...” Mwari vakuropafadzei,
changamire. Mumwe munhu zvakare? Munhu wese namata
zvino, kwechinguvana.

O, muchidyiro chiya kare-kare, (maive
munyonganyonga, munoziva, nyika ndimo
mayaive), uye ndinoziva kuti ndizvozvo
chaizvo,
Mumwe Mwana muduku akazvarwa kuti
aponese vanhu kubva kuchivi chavo.
Johane paakaMuona pamahombekombe, Aiva
Gwayana riya rokusingaperi, (Rimwe chetero
nhasi)
O, NdiKristu, Nyakurovererwa
wepaKarivhari.

267 HaungaMudewo here nhasi nemoyo wako wese, kuitira
kuti ugofamba uchibuda kubva muchinhano chenyika chaugere

machiri? Imi madzimai, imi varume, o, ko magarirei pano nguva yose iyi? Zvinongoratidza kuti pane chimwe chinhu zasi mamuri, pane chimwe chinhu ipapo chine nzara nenyota. Hawaigona kunge wagara muno kwemaawa maviri kana matatu aya, wakagara muchivaka chino saizvozvi; pane chimwe chinhu. Haungochiteerera here nhasi? Regai mafashoni nesainzi, nezvinhu zvose zvemunyika, zvipfuure kubva mupfungwa dzako iye zvino, hama inodikanwa kana hanzvadzi inodikanwa.

Makereke ari kubatana, nyika huru dziri
kupamuka, Israeri iri kupepuka,
Zviratidzo zvakafanotaurwa neVaporofita;
Mazuva eVahedheni ave kupera, azere
nokutyisa;
“Dzokerai, O vakapararira, kwenyu.”

Zuva rerudzikinuro roswedera,
Moyo yevanhu yokundika nokutya;
Ivai makazadzwa neMweya, marambi enyu
akagadzirwa uye akajeka,
Tarira kumusoro, rudzikinuro rwako
rwaswedera!

Vaporofita venhema vari kunyepa, Chokwadi
chaMwari vari kuramba,
Kuti Jesu Kristu ndiMwari wedu.

²⁶⁸ Zvino, ichocho ichokwadi. Munozviziva, tose, zuva ratiri kurarama.

Asi Akati kuchava neChiedza senguva
dzemadekwana,
Nzira yemuKubwiya uchaiwana
zvemazvirokwazvo.

²⁶⁹ Ndiro zuva ratiri kurarama mariri iko zvino. Chiedza chichavheneka panguva yemadekwana apo rima rinenge rouya, nguva dzerukunguvira, nyeredzi yemadekwana.

Rukunguvira nyeredzi yemadekwana,
Zvino shure kwezvo rima!
Dai pakasava nokusuwa kwekuonekana,
Pandinenge zvino ndakwira;
Nokuti vose vari kunze vanotakurwa nenguva
nenzvimbo,
Uye mafungu anogona kundiendesa kure,
Asi ndinoda kuona Mutyairi wangu chiso
nechiso
Mushure mokunge ndayambuka muganhu.
Usanditaurire, muhuwandu hunosuwisa,
Kuti hupenyu ihope dzisina maturo!
Uye wakafa mweya unokotsira,
Uye zvinhu hazvisi sekuoneka kwazvo.

Hongu, hupenyu ndehwemazvirokwazvo! Uye
hupenyu hwakaperera!

Uye bwiro handiko kwahunoperera;
Nokuti uri guruva, unodzokera kuguruva,
Hazvina kutaurirwa kumweya.

Hupenyu hwevarume vakuru hwese
hunotirangaridza,
Tinokwanisa kuita kuti hupenyu hwedu
hunakisise,

Uye, wonekedzo, dzinosiya shure kwedu,
Matsimba etsoka pajecha renguva;

Matsimba, okuti zvichida mumwewo,
Nengarava ari kufamba nepamvura
dzehupenyu dzine kuperera,

Hama inosiririsa yawirwa netsaona panyanza,
Achiona, achakurudzirwa zvakare.

Ngatipepukei, zvino, tichishanda,
Nemoyo pane chose chinopikisa;
Musaita semombe dzisingataure, dzinotinhwa!
Asi iva gamba mukurwa uku!

²⁷⁰ Mwari Vanodikanwa, ndeveNyu. Ndaona varume vaviri vachisimuka netsoka dzavo, Baba. Ndinonamata, Mwari, kuti Mugovatora iye zvino. Vanoda kuva vanakomana veNyu. Vapepuka kubva pakusaziva kwehupenyu hwavanga vachirarama, uye zvino vanoda kuvandudzwa, kuitwa vatsva, nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene pamusoro peMbeu iyo yadyarwa mumoyo yavo zuva rino. Mwari Vokusingaperi, Musiki wezvinhu zvose, Imi makagadzira Shoko reNyu, uye ndinotenda kuti Maiziva kuti varume ava vaizoita izvi mangwanani ano. Ndinonamata, Ishe, kuti Muchadiridza Shoko iroro, masikati neusiku, uye morega kuti Satani ari kwachure kubva mumawoko eNyu. Dai ukava muti wokuti dzimwe nguva, muParadhiso yaMwari, kana wadzoreredzwa wese zvakare, nokuti Shoko reNyu harigone kukundika, zvichava saizvozvo zvakare. Nokuti nyika ino . . .

²⁷¹ Uye kuchange kusina mhando yakadai yebudiriro yehungwaru munyika iri kuuya. Kuchange kusina motokari kana chero chakaitwa nesainzi. Kuchange kusina zvinhu zvakadaro munyika iri kuuya. Asi ichange iri mhando yebudiriro yehungwaru yaMwari pachaVo iyo yaVachaisa mukutonga uku kunobwinya. Nokuti, mubudiriro ino mune hurwere, rufu, kusuwa, makuva, nekushaiwa. Asi muHumambo uhu huri kuuya, hapana rufu, hakuna kusuwa, hakuna hurwere, hakuna kuchembera. O Mwari, zvose zvichange zviri zvitsva ikoko, mubudiriro yeNyu.

²⁷² Mwari, tishandurei nhasi, nesimba reNyu, nokuvandudzwa kwepfungwa dzedu, tibve pazvinhu zvisina maturo zvenyika

ino zvino, kuShoko raMwari. Uye dai tavandudzwa nesimba raMwari rokushandura paMbeu iyo iri mumoyo yedu, kuti tinotenda, kuva zvisikwa zvinonzi vanakomana nevanasikana vaMwari. Uyu ndiwo munamato wangu kwaMuri, Baba, kuvanhu ava, nemuZita raJesu. Amen.

²⁷³ Zvino kunemi imi muri kunze panhepfenyuro, chero kwauri, ndinoda kuti ugamuchire Kristu kunze uko, seMuponesi wako, uye ugozadzwa neMweya waKe. Mashoko ataurwa mangwanani ano, dai akadonhera mumoyo mako. Uye dai ipapo wagamuchira Jesu. Zvino iwe tarira upenyu hwako, zvino ugoona hwauchararama pamberi apo. Uye utore Sefa yemunhu aonfunga pano. Ukazviona uchiita chimwe chinhu chinopesana neShoko rino, ibva pachiri, nokukasika. Maona? Nokuti, pane Sefa inochengeta rufu kubva pauri, ndiro Shoko raMwari. MaShoko aKe Upenyu, uye anokuchengeta kubva kurufu.

²⁷⁴ Imi vanhu vari pano zvino vari muodhitoriyamu, ndakuchengetai pano kwenguva yakareba. Ndinokutendai nokuva kwenyu pano. Ndinonamata kuti Mwari vasarega Mbeu yaVo ichifa. Ndine tariro yokuti hamufungi kuti ndinomira pano kuti nditaure zvinhu izvi kuti ndigova ndakasiyana. Ndinozvitaure nokuda kwerudo; uye ndichiziva kuti ndeapo pandinge ndiri munhu anofa, sezvandi zvino, ndiyo nguva yoga yandichakwanisa kuparidza kuvanhu. Uye ndinoda Jesu Kristu. Ndiye Muponisi wangu. Uye rangarirai, ndingadai ndiri kunze uko mumugwagwa dai kwainge kusiri kuita kwaKe. Ndingadai ndainge ndiri kunze uko; vabereki vangu vose, vanhu vokwangu vose, vaive vatadzi. Asi Mwari, nesimba raVo rokushandura, ndinoziva kuti zvakanziita ini chisikwa chakasiyana. Uye ndinogona—ndinogona kukupanga zano, kuti rakanaka. Uye rinochengetedza munguva dzematambudziko. Kunyange parufu, pamukova, hautye. “Hapana chingatipatsanura kubva parudo rwaMwari, rwuri munaKristu.” Dai Mwari varopafadza mumwe nomumwe wenyu, nokukupai Upenyu Usingaperi.

²⁷⁵ Vangani vari muno vasina Mbeu yaMwari, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene? Ungasimudza here ruwoko rwako, uchiti, “Ndirangarireiwo, Hama Branham, kuti ndizogamuchira Mweya Mutsvene uya.” Iye zvino chitora Shoko mu—mumoyo mako, uye ugoRitenda. Zvino kana iwe...Unokwanisa kuzvitarisa. Enda notarisa pachiringiro, zvino unogona kuona pauri. Munoono, unogona kuziva.

²⁷⁶ Unoti, “Zvakanaka, handina kusimudza ruwoko rwangu, nokuti ndinotenda kuti ndinawo.”

²⁷⁷ Zvitarise muchiringiro, zvino woona mhando yemweya uri kukunyengera, munoono. Mafungiro akanyengereka! “Pane nzira inoita seyakanaka kumumu, asi magumo ayo inzira dzerufu.” Ichokwadi here?

Zasi pamuchinjikwa pakafira Muponisi
wangu,
Zasi uko ndakachemera kusukwa kubva
kuchivi;
O, ipapo pamoyo wangu Ropa rakaiswa;
Kubwiya . . .

²⁷⁸ Ingovharai maziso enyu, kwechinguvana zvino, uye
mungorwuimba kwaAri. Ngatingosimudzai mawoko edu
mudenga.

Kubwinya kuZita raKe, Zita raKe rakakosha!
Kubwinya kuZita raKe!
Ipapo pamoyo wangu Ropa rakaiswa;
Kubwiya kune raKe . . .

²⁷⁹ Ndiri kuda kuti imi Makristu mugwinhane chishanu, imi
makaponeswa.

Ndakaponeswa zvinoshamisa kubva muchivi,
Jesu mukutapira anogara mukati,
Ipapo pamuchinjikwa paAkandipinza mukati;
Kubwinya kuZita raKe!
Kubwinya kuZita raKe, Zita rakakosha!
Kubwinya kuZita raKe!
O, ipapo pamoyo wangu Ropa rakaiswa;
Kubwinya kuZita raKe!

²⁸⁰ Ropa rine chizenga cheUpenyu maRiri, munoziva. Izvi zviri
kune avo vasingaMuzive.

O, uya kuTsime iri rakapfuma kwazvo
rinotapira;
Kandira mweya wako unonzwisa urombo
patsoka dzeMuponesi;
O, zvikandiremo nhasi, uye ugokwaniswa;
Kubwinya kuZita raKe!
O, kubwinya kune . . .

Ngatikotamisei misoro yedu zvino patiri kuchiimba.

Kubwinya kuZita raKe!
Ipapo pamoyo wangu Ropa rakaiswa;
Kubwinya kuZita raKe!

²⁸¹ Munoziva here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]
Pauro akati, “Ndichaimba muMweya. Ndichanamata
muMweya.” Ngatichiimbei zvakanorovera kwazvo vakare,
takasimudza mawoko edu.

²⁸² Munoziva, dambudziko racho, isu vanhu vePentekosti,
tarasikirwa nemufaro wedu, tarasikirwa nemanyawi edu.
Sokutaura kwakaita Billy Graham pane umwe usiku,
“Avo vaparidzi, vane makora anotenderera, vachienda zasi
Kumawodzanyemba, vachiombera mawoko avo, vachitsika-

tsika pasi netsoka dzavo, vachidzana, vakanga vaine chimwe chinhu chavaifarira.” Saka, hongu, ndine chimwe Chinhu chandiri kufarira. Maona? Maona? Hongu. Hongu, tarasikirwa nemanyawi edu.

²⁸³ Iye zvino ngatingosimudzai mawoko edu. Musanetseka nemisodzi, hapana zvainokanganisa, munoona. Hazvikanganise. “Uyo anoenda kunodyara, nemisodzi, pasina kupokana anodzoka zvakare, achiunza zvisote zvakakosha.” Zvakanaka.

Kubwinya kuZita raKe, Zita rakakosha!

Kubwinya kuZita raKe!

Ipapo pamoyo wangu Ropa rakaiswa;

Kubwinya kuZita raKe!

Kubwinya kune raKe... (O Mwari! Mwari
ngaVarumbidzwe!)

Kubwinya kuZita raKe!

Nyudzai Mbeu, Ishe, mumoyo!

Kumoyo wangu Ropa rakaiswa;

Kubwinya kuZita raKe!



SIMBA RAMWARI ROKUSHANDURA SHO65-0911
(God's Power To Transform)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Mugovera mangwanani, 11 Gunyana, 1965, pakudya kwemangwanani kweveFull Gospel Business Men's Fellowship International paRamada Inn muPhoenix, Arizona, U.S.A., yakazorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2017 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org